ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЕЙСКАЯ ПРАВДА

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№9 (21.417) ● 2009 гъэм щІышылэм (январым) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**2009 гъэм Урысей Федерацэм и щІыхьэр дзэ учетым пэублэу гъэувыным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Урысей Федерацэм щыщ щІыхьхьэр пэублэу 1992 гъэм кьалъхуахэр, апхуэдизу абы нэхьрэ нэхьыжьхэу дзэ учетым щытын хуейкэм ящыщу апхуэдэ учетым хэмытэхэр пэублэ дзэ учетым гъэувын мурадкІэ икІи «Дзэ къулыкъыр ехьэкІыныжкІэ кьалэнымрэ дзэ къулыкъымрэ я Іуэхукіэ» Федеральэ законым ипкъ иткІэ **унафэ щІ:**

1. Урысей Федерацэм щыщ щІыхьхьэхэр пэублэу дзэ учетым гъэувыныр 2009 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ гъатхэпэм и 31-м нэсыху егъэкІуэкІын.

2. Урысей Федерацэм и щІыхьхэр дзэ учетым гъэувыныжкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я комиссэхэм хэтхэр хьэщтэн мы Указым и Гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Урысей Федерацэм и щІыхьу 2009 гъэм дзэ учетым пэублэу егъэувын хуейкэм я узынШагъэр къэзыщІытэну, абыхэм елэзэну медициндэ Іуэхущ Іанпэхэр мы Унафэм и Гуэдзэным зэритым хуэдэу.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щІыпІэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етын Урысей Федерацэм и щІыхьэр дзэ учетым пэублэу гъэувыныр вубзыхуэ пІалъэхэмрэ иубзыхуну, апхуэдизу ищхьэкІэ кьыщыгъэлъэгъуэ щІыхьэм я узынШагъэр къэзыщІытэну медициндэ Іуэхущ Іанпэхэм я амбулаторэхэмрэ стационархэмрэ игъэбелджылыну.

6. Къэрал кІуэцІ Іуэхущхэмкіэ министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын Урысей Федерацэм и щІыхьу дзэ учетым пэублэу ящыщ зыщыздзэйкэр кьилтыкІуэнУ.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын щІыхьхэр дзэ учетым пэублэу гъэувыным пыщІа Іуэхущхэр республикэм и щІыхьфэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іанпэхэм кьыщыгъэлъэгъуэныр кьиэзригъэпэщыну.

8. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2008 гъэм дыгъэгъазэм и 26-м*
*№140-УП*

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхуэхэр зезыгъакІуэм теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхуэхэр зезыгъакІуэм и кьулыкъым гъэувын **Къалэ Замир Іуэус** и кьуэр.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм щІышылэм и 15-м*
*№8-УП*

**Щоджэн М. М. и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Нэгъуэщі лэжьаІэ зэрыкІуэм кьыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхуэхэр зезыгъакІуэм и кьулыкъыр щхьэщыхьэм **Щоджэн Мухьэмэд Май и кьуэм**.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2009 гъэм щІышылэм и 9-м*
*№7-УП*

**2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр щІэнэщу щызэфІэгъэкІыныжкІэ къэрал щэсыпІэхэр зыхуэдэным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2008 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м* *№313-ІІІП*

ПщІэнэщу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ кьратныжкІэ Урысей Федерацэм и щІыхьэ и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэм (адэкІэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхьхэм) яІэ конституцэ хуитныныгъэхэр дзэгъэкІын мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ешІ:**

1. 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхьхэм пщІэнэщу медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныжкІэ Къэрал щэсыпІэхэр зыхуэдэнур зыгъэбелджылы мы Унафэм щыІэр къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынщагъэр хъумэныжкІэ и министерствэм (Бицу В.Г.) хуэгъэувын узыфэхэр къэмыгъэхъуныжкІэ профилактикэ Іуэхухэмрэ щІыхьхэм ират медицинэ дэІэпыкъуныгъэр егъэфІэкІуэныжкІэ лэжьыгъэхэр зэпымыууэ иригъэжьІуэкІыну.

3. ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ фондым (Къанокъуэ А.А.), страховани езыгъэжьІуэкІ медицинэ Іуэхущ Іанпэхэм чэнджэщ етын:

фІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховани и Іэнатіэм мылькур зыхухахам тещІыхьауэ зыкІэ-зэрыщагъэсебэным кІэльыпльыну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхьхэм страховани хиубдэхэм я хуитныныгъэхэр хъумэныр кьызэрагъэпэщыну.

4. Страховани езыгъэжьІуэкІ медицинэ Іуэхущ Іанпэхэм чэнджэщ етын страховой медицинэ полисхэр тхьыкІэр кьрата спискэхэм ткІийуэ тету кьызэрагъэпэщыну.

5. МыУнафэр зэрагъэзащІэм и Іуэхущ Іанпэхэм щІэнэщу гъэнэфагъэ ящІ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и кьуэдзэ ДыщэкІ М.Р.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ЯРИН Андрей**

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ мылькум щыщ щэным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2009 гъэм щІышылэм и 15-м* *№1-ІІІП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур зехьэным и Іуэхукіэ» 2001 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №70-РЗ-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькур приватизацэ щІыным и Іуэхукіэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 28-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №49-РЗ-м япкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ешІ:**

1. ГъуэзджэмкІэ школым и унэу Налшык кьалэ, Орджоникидзе и уэрам, 172-м кьыщагъэжьар, щІым ямыухар, лъжьыгъу сом мин 365,0-рэ и уасэ зращІыПар щэн, зым и унафэ щІмыт Іэщ Іагъэлъэхэм ягъэувар и пэублэ уасэу аукционым кьыщыхальхьэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэрал мылькур зехьэнымрэ щІы ресурсхэмкІэ и министерствэм (Сэхъу М.И.) хуэгъэувын мы Унафэм и пункт 1-р гъэзэщІэным теухуа зыхуэфащІ Іуэхуэхэр щІэнэщу гъэнэфагъэ ящІ.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэльыпльыну и щІэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и япэ кьуэдзэ Тхьэзэпльыж М.ТІ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ЯРИН Андрей**

**Къэрал къулыкъущІапІэхэм**

## Бахъсэн районыр пашэныгъэм хущІокъу

Бахъсэн районым и унафэщІ Къаздэхъу Альберт *(ижьыкІэ щысщ).*
*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

**ЗэкІэ кьата бжыгъэхэм ятепщІыхьмэ, Бахъсэн районыр республикэм щыпашэхэм ящыщщ. КъБР-м и Президентэм и Іэтащхьэхэм я зэІуэшІэу щыжеІащ кьалэ щекІуэкІам.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Унафэщым кьиІэльэгъуащ ильэситі хуэдиз ягъэкІ районым и Іуэхур щагъуэ дыдэу зэрыщымытар, ауэ куейм и унафэщІхэр зэрахьуэжьа нэжь, щытыкІэм кьыззэригъэзар. «Сэ я районым куэдрэ сокІуэ, щыхуэхэм сахуэзэри, гуапэ сщохьу экономикэм зегъэужьыныжкІэ, псом хуэмыдэу социальнэ Іуэхуэхэр дзгъэжьІныжкІэ властхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр тэмэму жьыгъэуэхэм кьызэрыпальтэри, - кьыхихъэщхьэхуКІащ Къаноокъуэ Арсен.

Муниципальнэ щІыналъэм и экономикэм и щІытыкІэм и гугъу щищІым, район администрацэм и Іэтащхьэ Къаздэхъу Альберт кьигъэльэгъуащ псори зэхэту сом зы мелардрэ мелуан 208-рэ зи уасэ инвестицэ проектхэр мыбы зэрыщагъэзэщІар. Бахъсэн и мэкъумэщыщІэхэм нэгъабэ, гъавэу тонн мин 80-м нэблагъэ кьытрахащ. Ар 2007 гъэм елыТауэ проценти 136,8-кІэ нэхьыбэщ. Зы гектарым мы гъэм ику итУ кьытрахащ гъавэ центнер 33,5-рэ. ЗэкІэ кьызэрабжамкІэ, 2008 гъэм районым и мэкъумэщ хозяйствэм продукцэу кьилэжьам и уасэр сом меларди 2,5-м щІегъУ.

Районым мы зэманым промышленнэ предприятэу 8 щыІэщи, абыхэм продукцэу сом мелуан 200-м нэблагъэ и уасэ кьыщІагъэкІ. Зы ильэсым кьриубыдэу абыхэм ящэм хуэдизщым щІигъукІэ хэхъуащ, мы Іэнатіэм Іутхэрэн проценти 157-кІэ нэхьыбэ хъуащ, ику ит лэжьапІэу сом 8020-рэ щат.

Районым иджыпсту лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ Іэнатіэщ Іэхэр утІыпщыным теухуауэ. Гектари 10 хьу теплицэр хьэзыр ящІащ, «Бахъсэн-фрейлер» Іуэхущ Іанпэм зрагъэубгъуащ, «Тайсон» ООО-м и щагъыр-аркъэ заводыр иджыблагъэ кьыззІуахащ. Европэм щыІэ технологиехэр кьыщагъэсебэпын жыг хащэу гектар 14 хасащ. «Соблыр» ООО-м хиубыдэу Зеикьуэ кьуажэм предприятэ зэмылІэужьыгъуэу 4 кьыщызэрагъэпэщ.

А псоми я фІыгъэкІэ районым и экономикэм зэпымыууэ зиужьынущ, 2012 гъэм ирикъэлІэу абы инвестицэу сом меларди 4-рэ мелуан 389-рэ кьигъэсэбэпынущ, икІи лэжьапІэ Іэнатіэщ Іэу 2600-рэ кьызэІуахынущ. Районым и бюджетым щыщу дотацэхэм яІыгъ Іыхьэр а зэманым ирихьэлІэу процент 50 - 45-м нэсу кьехьину щогугъ (иджыпсту ар процент 73,4-рэ мэхъу).

Районым ёзым и мылькуу куэд хёлъхьэ муниципальнэ гъэзгъэкІэ зэгъэпэщыжьынымк. Бюджет Іэнатіэм и Іуэхущ Іанпэхэм я унэхэр кьэзыгъэпль котельнэ мыинхэр республикэм щыяпэу мы районым гъэувын щаухащ.

Иджыпсту куейм кьыпэщыт Іуэху нэхьыщхьэ дыдэхэм ящыщу администрацэм и Іэтащхьэм кьыхихьэ гъэщхьэхуКІащ кьуажэхэм кІуэу автобусу 10 мынэхь мащІэ кьащІэхэм зэрыхуейр, псы фІейр щагъэкьабзэ ухуэныгъэхэр зэрызэгъэпэщыжьпхьэр, сабий поликлиникэр щІыныр кІыхьлІыхь зэрыпхьуар. А Іуэху мытынышхэр дзгъэжьныжкІэ республикэм и Іэтащхьэр район унафэщІэм ядэІэпыкъуну кьигъэгугъащ.

**ХЬЭПЭ Маринэ,**
*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэ.*

**Къэрал щэсыпІэхэм ящыщу Къаздэхъу Альберт** *(ижьыкІэ щысщ).*

**Щыщ щІыхьхэм**

**Зы ильэскІэ**

**Газэ секторым Израилым и зауэлІхэр зы тхьэмахуэм кьриубыдэу щищыкІэр Палестинэм и сэнаущхэр псори кьызэІуихыжкІэ, ильэскІэ зауэ Іуэхуэхэр зэтриІэзувыІэну ХАМАС-р хьэзырц.**

Журт кьэралыгъуэм эскІэ абы теухуа жуэуап Іепэхэр итакъым, ауэ хьыбарегъащІэхэм ІэнатІэ зыбжанэм кьызэрагъэльэгъуэмкІэ, зауэм и мамырыгъэр сыт хуэдизкІэ кьыхэщхьэпэнымк Израилыр эскІэ йогупсыс. ООН-м и Генеральнэ секретарым иджыри зэ тКІийуэ нукъуэдиящ Израилым зауэр щигъэтыным ехьэлІа резолюцэр гъэзэщІэн хуейуэ. Иджы а кьэралым и унафэщІыр США-м макъуэ, Іуэхум хэкІыпІэ хуищІыныжкІэ а кьэралым и унафэщІхэм ечэнджэщыну.

Апхуэдэурэ Израилым зэманыр хигъэтІэсэху, Газэ секторым щекІуэкІ зауэр кІуэ пэтми нэхъ гущІэхъуныщ мэхъур. Абы и зауэлІхэр иджыблагъэ яхуащ хамэ кьэралхэм кьикІа журналистхэм, Жор Пльэжьым и уІэгъэщІем, ООН-м и Іуэхущ Іанпэм. Щыхьу зыбжанэ хуэдэщ, уІэгъэ хьуахэри щыІэщ.

**Я зэхуащІытыкІэм зеужь**

**Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий зыкъ кьэралхэм я лыкІэхэм ящІэнхащ верительнэ щІыхь тхьылъэр хэр.**

Ар мы гъэм япэу абыхэм яІущІэу араш. Верительнэ щІыхь тхьылъэр Урысейм и Президентым япэу ельтар Абхазыбэмэ Осетие Ипщэм р я лыкІуэхэращ. Нэгъабэ фокІадэм Москва ахэр кьэралщхьэхуэу кьилтыгъри, дипломатие зэхущытыкІэхэр зэхуаІэ хьуат. Иджы Медведев Дмитрий жиІащ Абхазэми Осетие Ипщэми хуиІэ зэхущытыкІэхэр дяпэкІи Урысейм зэрригъэбыдэнри а къэралыщІэхэм я шынагъуэншагъэр зэрихьумэнр.

Дыгъуасэ Медведевыр зыІуІа кьэралыгъуэ 14-м я лыкІуэхм хэтаці Иранми Кубми я лыкІуэхэр.

**Псым хэтІысхьэри...**

**США-м кьыщыхьащ кьхьэхьатэ кьызэрагупсысрэ щымыІауэ яльыта Іуэхуэгъуэ. Нью-Йорк и аэропортым щыхуи 155-рэ ису телъхьыкІа аэробусыр угуфбгъуэм щыжьхьэуэри, мафІэ зыщІэна и двигателитІри ункІыфІат.**

Кхьэхьатэзэхуэм и кхьэхьатэгъэ Гудзон псы ежхым хигъэтІысхьащ. Техникэр псым щІыналъэхэмк зыкІи хуэмыщІа пэтми, ар абы апхуэдизкІэ Іэкіуэлъакіуэу кьехьэлІати, зы щІыхьми фэбжь хьэлъэ игъуэтакъым, фюзеляжыр щыщІильэфар щІыху псори абы кьэрахьакъу псым кьыхьахьжа нэужьщ. НэгъуэщІу жьыпІэмэ, апхуэдизи зи хьэлъагъ гъущІыр зы сыхьэтрэ ныкъуэкІэ псым щІигъэтІысыкІакъым.

Апхуэдэ Іуэхугъуэ 1963 гъэм Ленинград къщыщыхьауэ щытащ. Таллин кьыпІэтыкІ Ту-124 кхьэхьатэм и щэрхьэхэр кьыщІимыхьу, Нева псым хэтІысхьэгъат. Абы щыгъуи цІыху псори кьелат.

Кхьэхьатэхэр сыт хуэдизрэ псым хэмытІысхьами, а тІэуращ цІыхухэр кьыщелар.

**Мы махуэхэм**

**Щышылэм и 17,** *щэбэт*

◆Илъэс 75-рэ ирокъу Свердловск, Челябинск областхэр кьызэрызэрагъэпэщэ.

◆ЩІышылэм и 17 - 25-хэм Брюссель (Бельгиэ) щекІуэкІыщу 87-нэ Дунейпсо автосалон.

◆**Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 36-м, кьухьэхьжьыщ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 56-м.**

◆**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 20-рэ.**

**Щышылэм и 18,** *тхьэмахуэ*

◆ЩІышылэм и 18 - 20-хэм Дубаи (ОАЭ) щекІуэкІынущ КІыуэкІыпІэ Гъэнэгъум и щынагъэншагъэр кьызэгъэпэщыным теуха ещІыныгъэр конференцэр.

◆УсакІуэ **ПащІэ Бэчмырзэ** кьыщалъхуа махуэщ. 1936 гъэм дунейм ехьжащ.

◆**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 36-м, кьухьэжьыщ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 57-м.**

◆**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 21-рэ.**

**Щышылэм и 19,** *ІУлыщІэ*

◆**Белоруссием и кьегъэлажьІуэхэм я махуэщ.** 2001 гъэ льандэрэ а кьэралым и Президентым и унафэкІэ ягъэльапІэ.

◆Илъэс 20-кІэ уэзІебгъыжкъэ, СССР-м Іэ щІидзащ хабзэншэу наркотикхэр зэпсихотропнэ пкъыгъэхэмрэ зэгъэжьІуэкІыным ебэныныкІэ ООН-м кьищта Конвенцэм.

◆ЩІышылэм и 19 - 22-хэм Нью-Йорк щызэхэтынущ ООН-мрэ ЛъэпкъЗэгъэтхэм я Организацэм и Фондымрэ зэгъэусу ираГъэкІуэкІ сессиер.

◆ЩІышылэм и 19 - 27-хэм Женевэ (Швейцарие) щекІуэкІынущ узыщагъэр хъумэныжкІэ Дунейпсо организацэм (ВОЗ) и Гъэзэщ ІакІуэ советым и сессие.

◆1847 гъэм «Кавказ» газетым кьытрадзащ **Адыл-Джрий СультІан** и «Урыс-шэрджэс псалъалъэ, грамматикэ кІэщІ щыгъуэуэ» тхыгъэр.

◆1965 гъэм Май поселкэр кьалэ хьуащ.

◆**Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 35-м, кьухьэжьыщ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 58-м.**

◆**Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакьикъэ 23-рэ.**

**ПІлІэжьэр зыгъэхьэзырыр ГъУПІО Зарифи.**

**Лъэпкъ Іущагъэ:**

**Зы сабий нэхър щу гуп нэхъ гъэхьэщІэгъэфІэщ.**

**Гулъытэ**

## Нарткъалэ щІыхь зиІэ и цІыху

**Бахъсэн кьалэм щекІуэкІащ щІыпІэ самоуправленэмкІэ район Советым и илъэсыщІэ зэІущІэ.**

ИЛЪЭС кІуам яхуэзфІэкІар кьапщытэжьным кьыдэкІуэу, мыбы кьыщІэІэтащ депутатхэр зыщыгуфІыкІа, мыхьэнэ зиІэу кьалъыта нэгъуэщІ зы Іуэхуи. 2009 гъэм кьыщыщІэдзауэ Бахъсэн, Аруан куейхэр «зэщІыналъэ» зэрыгъэхъуащ. Абы и щыхьэту Аруан районым и Іэтащхьэ Бахъсэн Антемыркъан зи пашэ лІыкІуэхэр хэтащ Бахъсэн куейм и щІыпІэ самоуправленэм иригъэкІуэкІа зэІущІэм. Абы кьыщагъэнэІуащ Бахъсэн администрацэм и Іэтащхьэ Къаздэхъу Альберт «Нарткъалэ щІыхь зиІэ и цІыху» цІэр зэрыхуагъэфэщащ. Апхуэдэ щІыхьыр кьыпэжІуащ Къаздэхъум Нарткъалэ зиужьыным и гуащІэшхуэ зэрыхилъхьам. Къаноокъуэм кьыхигъащІа щІыналъэхэр зэрызэдзэкъэнымрэ абы кьахуэдэкІуэну зэрыщыгугъыр.

**ЛЪОСТЭНМузэ.**

**Налшык къалэм илъэсыщІэр кьызэрихьэрэ «Богдан» автобусхэм хуэдэу тхущІ кьыдэуващ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм Налшык кьалэ администрацэм кредит ирита сом меларан 94,5-кІэ ахэр Украинэм кьыщащэхуащ.

Жылагъэ транспортымкІэ зекІуэхэм, псом хуэмыдэу зи ныбжь хэкІуэтахэм, автобусыщІэхэр нэхъ кьащтэ, уитІысхьэнри уикІынри тынш-щи. АвтобусыщІэхэр трагъэуващ кьалэм и маршрут нэхъ кІыхьхэм, щІыху нэхъыбэ щызекІуэхэм.

**ДЖЫЛАХЪСТЭН Тлуг1э.**

**Журналист саугъэтхэр**

АДЫГЕЙ. ***2008 гъэм журналистхэм ехьэлІэныгъэ щызэпІа лэжьакІуэхэр республикэм и президент саугъэтхэмкІэ гъэпрагъэным теухуа унафэ кьыщыгъэнащ Іущмэпшэу ЗэкІэмрэгъэ.***

ПРЕЗИДЕНТЫМ и унафэкІэ саугъэтхэр хуагъэфэщащ «Советская Адыгея» газетым и лэжьакІуэхэу Николаевэ Натальэрэ Кьэды Кариннэрэ, республикэм щекІуэкІа «Унагъуэ жьэгу» зэпеуэр илъэскІэ екІуэкІащ. Абы журналист лэжьыгъэ 13 кьыщагъэтхэгъащ.

Президентым и саугъэт фондыр сом мин 50 мэхъу. Журналистхэм папщІэ ар япэу ягъэувауэ араш.

**Унагъуэ** ■ **ІуэрыпІуатэ - дыщэ пхъунтэ**

**КЪЭБЭРДЕЙ**

**Пшыхьхэр** ■ **Щбгъэ кьыдокІыгъуэ** ■ **Малъхъэдис**

**Къэрэшей-Шэрджэсым и прокурор**

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Федерацэм и прокурорым и унафэкІэ Къэрэшей-Шэрджэсым и прокурору ягъэувагъ юстициэм и чэнджэщагъу нэхъыжьэ Панасенко Олег.***

ПАНАСЕНКЭ Олег 1963 гъэм Пермь кьалэм кьыщалъхуащ. Свердловск дзэ юридическэ институтыр 1988 гъэм кьухащ. Прокурор лэжьыгъэр Челябинск областым и Уфалее Ипщэ кьалэм щІигъэжьащ. «Урысей Федерацэм и прокуратурэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» бгъэхэлу дамытэ и Іэщ.

Республикэм и прокурору щыта Кузнецов Владимир езым и лъэІукІэ и кьулыкъым текІащ.

**Налшык**

## «Богдан» лэжьэн щІедзэ

щи. Автобусыщ Іэхэр трагъэуващ кьалэм и маршрут нэхъ кІыхьхэм, цІыху нэхъыбэ щызекІуэхэм.

**ДЖЫЛАХЪСТЭН Тлуг1э.**

**Абхъазым и пощт маркэхэр**

АБХЪАЗ. ***И щхьэ хуищытыж кьэралыгъуэ щхьэхуэ статус республикэм зэрригъэтам теухуауэ иджыблагъэ ящу кьыдэкІащ Абхъазым и пощт маркэхэр.***

АБЫХЭМ я нэхъыбэр зытеуухар Абхъазыр Куржьым зэрытекІуэрэ илъэс 15 зэрырикъуамрэ республикэм щхьэхуитныныгъэ зэригъэтамрэ. Щыналъэм и пощт лэжьакІуэхэм зэрыжьаІэмкІэ, маркэхэм кьыщІоупщІэ ахэр зэхуэзыльэсхэу дэнэ щыпІи щыпсэухэр, ауэ езы республикэм нэмыщІ, нэгъуэщІ щыпІэхэм ахэр щызекІуэркъым.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

**Щэджэн куей**

## Гъэр яхуэІеякъым

**«2008 - 2012 гъэхэм кьриубыдэу КъБР-м и АПК-м зегъэужьыныр» республикэ программэм ипкъ иткІэ фермер, уней мэкъумэщ хозяйствэхэм я бжьгъэм хагъэхьэнэщ, къэралыр унэтІыныгъэ щхьэхуэмкІэ, лизинг, кредит, нэкъ, хуэдэхэмкІэ, кьадэІэпыкъуурэ.**

А ЗЭМАНЫМ кьриубыдэу цІыху мини 4-м Іэнатіэ ягъэтынущ. Щэджэн куейр кьатитэжщ, иджыпсту итщ фермер хозяйствэ 65-рэ. Хадэхэлрэ лыхэжьІу районым гъэ кІуам кьыщрахьэлІам и процент 90-р зейр ахэращ. Нобэ лъэ бадзэкІэ уваам хабжэ Жамбэч Хьэтау и фермер хозяйствэу Нартан кьуажэм щыІэр. Абы иІэщ жэми 100, мэл гуартэ, кьаз щагъэхьу фермэ, гектар 80 иІыгъщ. Хозяйствэм и псэуальэхэр кьызыхэтэтыншэщ: и хьурегъэгъэр чырбыш плыжькІэ кьэщІыхьащ, гъэтІылъыпІэхэр, Іусыпхьэхэр щахьэж щхьэт, мэкъумэш техникэр щигъэувын иІэщ.

Щэджэм районым гъэ кІуам гъавэу кьрихьэлІар абы и пэ ита илъэсым елытауэ процентэ 120-кІэ, Іэщыр процентэ 113-кІэ игъэбгъэгъуащ. Ар я фІыщІэщ Жамбэч Хьэтау хуэдэ лэжьакІуэхэм.

**ШЭРЭЗДЖ Дисэ.**

**Тэрч куей**

## Куэд щІауэ зыпэплъа унэ

**Ново-Хьэмидей къуажэм Щэнхабзэмкіэ унэ кьыщызэІуахащ.**

КЪУАЖЭДЭСХЭР, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, абы хуабжьу пэплъэрт. Лъжьыгъэр пІалъэ кІэщІым яхуэзфІэмкІами, зыхуей хуэзэу Іуэхур и кІэм нагъэсащ. Щэнхабзэмкіэ унэм къегъэщІылІа щІыпІэхэри зыхуей хуагъэзащ.

ИльэсищІэ тыгъэу унэр кьызэІуахри, абы пшыхь дахи щрагъэкІуэкІащ.

Іуэхущ Іанпэм и унафэщІ Щэмырзэ Марьянэ зэрыщІмкІами, щэнхабзэм хуэхха лэжьыгъэр дяпэкІэ ефІэкІуэнущ. Абыкіэ кьуажэ администрацэри щІагъэкъуэн кьахуэхъэщунщи, щІалэгъуалэр нэгъуэщІ кьуажэхэм мыкІуэу я жьлэжьым зыщагъэпсэхуфынущ. «Ди мурадщ махуэщхьэхэм тёуухуа пшыхьхэр мыбы щедгъэкІуэкІыну, кьужэдэсхэр щІэх-щІэхьыргъ кьедгъэблэгъэну», - жеІэ Щэмырзэм.

Щэнхабзэмкіэ унэм кьафэм, щахматым, макъэмэм, нэгъуэщІхэми щырагъэхьэх лэжьыгъэ щекІуэкІынущ.

**ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт.**

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

# Къэбэрдей адыгэ усалъэ

● Тхакіуэм и псалъэ

**Къэбэрдей, балькъэр литературэхэм, жыжьэнэшхэ щызиІэ Іуэху хьарзыН зэфІэгъэкІа хьуауэ ихуап мы ильэс кьиззднэкІар - «Къэбэрдей усэм и антологие», «Балькъэр усэм и антологие» тхыльышхитІыр адыгабзэрэ балькъэрыбзэкІэ дунейм кьытехьащ. Ахэр зи жэрдэмри зи гуащІэкІэ кьыдэзыгъэкІари КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэращ. Ар къэрал псом кьыщыдаха зэпеуэм хыхьэри, УФ-м и Президентым и грант жьхуаІэр кьыхьэхун хуэзфІэкІащ. Мис абы ипкъ иткІэ кьыхуаутІыпщ ахьшэм и фІыщІэр мы зи гугъу тщы тхыльхэр кьыдэгъэкІынымкІэ Іэмал дмІэ зэрыхьуар.**

ХУАБЖЫУ и чэзуэт икІи икъуКІэ дызыхуейт мы Іуэхур. Иужьрей ильэсхэр апхуэмыдэми, ялэм ди тхыльхэм я нэхьыбэр кьыдэкІат ахэр зытхакъэм теуХуауэ зыгуэр щитыр зэзэмызэхъуэ. Ди библиотекэхэм я лэжьакІуэхэр, школхэм, аджапІэ нэхьыщхьэхэм я егъэджакІуэхэмрэ нэгъуэщІхэу ди льэпкъым я тхакіуэхэм, усакіуэхэм я гъащІэм, я творчествэм бэр щыгъуазэ зыщІыну, абыхэм щІэблэ кьыгтщІэхьуэр щІэзыпІыкІыну зи пщэ кьыдэхуэхэмрэ гугъу ехьырт. Адыгэхэм ди Іуэхур зыІутым щхьэхуэу утепсэлыхьмэ, абы и льэныкъуэкІэ зэхъуэкІыныгъэ гуэрхэр кьэхъуу щыщІдзар илъэс зыбгъупщІ хуэдизкІэ уэгъэбэжІыжмэщ. КъБКъУ-м филологиемкІэ и институтым и доцент Абазэ Албэч и «Къэбэрдей тхакіуэхэр» тхылъыр 1999 гъэм кьыдигъэкІащ. Ильэсипщ хуэдизэ дэкІыжри, абы урысыббэкІэ кьыкІэлыкІуащ Гуманитар зэхуэдэныгъэхэмкІэ ди институтым и псальалъэр - ди тхакіуэхэмрэ усакіуэхэмрэ я гъащІэм, я творчествэм кІэщІу щыгъэзэ зэрызыпщІыфынур, «Къэбэрдей-Балькъэрым и тхакіуэхэр» зыріІащІр.

Мис ахэрат уІэбэмэ кьэпщтэну ихуейми кьэс щыІар. Ахэри хуабжьу сэбэп хьурт, Тхэрэр арэзы кьахухуЭу Іуэху ящІу, а тхыльхэрзыпхэр кьыдэгъэкІынымкІэ, ди ІуэхущІапІэм и лэжьакъэ кьыщІэкІа фІэкІа зэ-

литературэ хасэм хэтхэм иужьрей ильэс зэнІэныгкІуэхэм кьахэжьэпхьыкІа усакіуэ зэчиифІэ зыбжанэм я усэхэри, щатхар мы иджы дыззрыт лІэщІыгъуэм хиубыдэрти. ТедгъэкІуэдэжу тхуХаха ахьшэр зэрымащІэм, нэгъуэщІ щхьэусыгъуэхэми ельытауэ тхылъыр «ткъуэзын» хуей хьуами, Іэмал имыІэу зэфІэгъэкІын хуейуэ кьэуб лэжьакІуэрэ щыкІыфэкІуэкьым. Антологием еджэр щыгъуазэ дымышІу хьунутэкъым Іуэхугуэр куэдым: сытым кьыщІежьа ди кьэбэрдей адыгэ тхыбзэ зэхуэ, здынэсари дэнэ?.. АнтологиемкІэ ди усэм и тхыдэм урипльэж хьуауэ щыІа пІэм шыуасахэу Агьнокьуэ Лашэ, Куп Хьэжы-Исмел, ПащІэ Бэчмырз сымэ я деж кьыщыщІэдзауэ, лІэщыгъуэ кьыхэзднэкІам и кІэ дыдэм кьэс, лІаи псэуи, усакіуэу дыІам я усэ гуп, я сурэт, я гъащІэмрэ я литературэ творчествэмрэ теуХуауэ зы жьипхъэм ит тхыгъэ кІэщІ умыгъэхьэзыр мыхьуну арат. Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэр ин щхьэкІэ, абы и Іуэхущ1апІэм щылажьэхэр куэд дыхьурэтэкъым. Нэхъ мащІэкІ мы антологием и кьыдэгъэзэкІыныр зи пщэ кьыдэхуэр, абыиКІэ жэуап зыхьыр дызэрыхьэр. Ари пІащІэгъуэкІэ кьыдэгъэзэкІын хуейкъэ - антологием щхьэкІэ кьытхуэрыпщІа ахьшэр а 2008 гъэ дыдэм кьриубыдэу кьэдмыгъэсэбэпу хьунутэкъым. ДэІэпыкьуэгъу дыхуейт.

Аращ псом ямуэ зи лажьыгъэр кьыІэрыщІэдзауэ щытари - антологиер зыгъэхьэзырынуэр убзыхунрыщ. Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм адыгэ литературэмкІэ и Советыр зэхуэсри, абы щагъэбелджылы тхылъым и редакцэм и коллегиер, зэхэзыгъэувэнухэр. Псори зэхэту цІых унбгъу хьурт т.

ЖьІпІэ хъунукъым а хаха цІыхубгъыр зэхэлэжьыкІауэ я пщэ кьрелъхьажь кьалэным зэхуэдэу пэрытауи. Антологием щиогъуэвэнкІэ, зэрыгурыІуэгъуэщ, усэ нэхъыбІхэрат кьыхэхын хуейр. Абы щхьэкІэ дэтхэнэ усакіуэмэ усэу иІэ псом хэплъауэ, нэхъ хуэкІуэу кьэплъыгъат кьэпщІэнэр. Арщхьэкіэ ябыныкъуэхэм ябэ кьаІэрыхьа усэ гупыр кьащт эу кьыт-

хуахьа мыхъумэ, хэплъыхь ябакъым. Апхуэдэ усэхэмкІэ кьыпхуэмыщІэнкІэ хьунут а усакіуэм зэчий бгъэдэльри, и творчествэмкІэ здынэса ґунапкъэри. Апхуэдэу щІэрыщІэу гъэхьэзырыжьын, тхыжьын хуей хьащ езы усакіуэрэ ятеуХуа тхыгъэ кІэщІэкІри.

ПщІэнщэ уадэр ІэтыгъуафІэу кьыщІэкІынтэкъым. Антологием и кьыдэгъэзэкІынымкІэ тедгъэкІуэдыну тхуХаха ахьшэр апхуэдизкІэ мащІэ, къебзыхьэжьІапати, кьыщыдэкІыну типографием щащІэну лэжьыгъэмрэ тхылъымпІэ зытредзэнухэмрэ я уасэхэм яхуэзэдгъэзэхуэн хуей хьурт, ре дакцэм и коллегием хэтхэри зэхэзыгъэзэкІэри пщІэншэу дылэжьащ, сыт хуэдизу зэманрэ гуГуехьрэ тедмыгъэкІуэдами. АбыкІи зэфІэмыкІыу, дэтхэнэ сатырми хабзэкІэ уасэ иІэн хуей щхьэкІэ, пщІэншэу усэхэр кьаЙытхащ ди усакіуэхэми дунейм ехьжахэм кьащІэна тхыгъэхэр зыбгъэдэльхэми.

Антологиер кьыдэгъэзэкІыным сыт хуэдизу гуГуеуэкъ дэдмышІэжьи, абы елэжьахэм кьэтлыдтэркъым ямылейуэ тщІаІауи ди мыкъалэн дгъэзэщІауи. Іуэхур лъэпкъым, бэм ябІ зыхэлъым хуэкІуамэ, апхуэдизу фІэкІа ящІэркъэ щыхъу! Ар 1000 хъуэу кьыдэкІащи, зы тхыльэ закъуи тщэнукъым, псори пщІэншэу дгуэшынущ. Псом япэу школхэмрэ аджапІэ нэхьыщхьэхэмрэ, библиотекэхэм ябльдгъэзэсынущ.

Тхылъыр фІы хуащ сыт и льэныкъуэкІи: ар напэкІуэцІ 700-м ноблагъэ, усакіуэу 87-м я усэу сатыр мин 50-м нызэрыхьэсын итщ, езыр екІуэр ещхьу гъэшІэрэщІащ.

МащІэ-куэдми, усэм и антологиер кьыдэкІат, ауэ я ар лэжьыгъэм и Іыхьэ нэхьыкъуэщ зэкІэ. Иджы ди псоэм и антологие дыхуейщ, Іэмал имыІэу. Тхылъ кьыдэгъэкІынымкІэ нэхъ гугъу, нэхъ льапІэ хъуэрэ щыкІуэкІэ, пщэдей абы и Іуэхур зэрыхьунур хэт зыщІэр? Антологие пщІыну нэхъ рассказ щэрыуэхэр, усэхэм хуэдэу, кьызэщІэткъуэрэ зы тхылъ тщІыфдэмэ, мы зи ужь дихьа ІуэхумкІэ гуэзгъэсгъуэ гуэр бгъуэт хьунут: кьэбэрдей тхыбзэ зэрыдгъуэтрэ ятха хуэдожественнэ литературэм и курыхьэ зэуІу тщІыпхъуэ, пхъунт э быдэм дэтлъхьэжа пэльытэт - иджырей зэман зэрыхьэзэрийм кьыхэхтыеу щІэблэ кьытщІэхьуэнум хуэтхьуэмауэ арат!

**ХЬЖ Сэфарбий,**
*КъБР-м и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм и правлензэм хэт, абы и Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.*

Къанкъулхэ Лиуанрэ Лизэрэ я унагъуэр.

# Насып жьхуаІэжьыр

● Унагъуэ

**«Насыпыр Іыхьэ мыгуэшщ, жаІэ нгъащІэми. Ар щхьэц ухуэнам хуэоГьадэ, сыту жьипІэмэ насыпыр зэхуэмыдэ щІыпІу-щІыпІу куэду зэхэтыщ, зым адрейр кьыщыхьуэу, кьыкІэлъыкІуэу. зэ зы Іыхьэр и гущІыпу кьакІуэу, зэми адрейр нэхъ нэрылъагъу хъуэу. Сыт хуэдэ ныбжьми езым хуэкІуэ насып пІэжщ. Щыіэщ сабиищ1ым ерха е щІалэгъуэ ныбжьым хуэкІуэ. И мыхьэнэкІэ абыхъэм ноГьэгъэмІ унагъуэ насыпыр. Насып псомкІи гъащІэр зыхуэпсэр машІэ дыдэщ, ауэ ди тхыгъэр зытеуХуа зэщхьэгъуэсхэуэ Кьанкъулхэ Лиуанрэ Лизэрэ. Тхьэм и фІыщІэкІэ, абыхъэм ящыщщ.**

ЛИУАН 1952 гъэм Куба къуажэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Мухьэмэдрэ и анэ Блишэрэ бынитху зэдагъуэтащ. ЗэхэщІыкІ, зегурыІуэ зэрыльэ унагъуэр, зэманыр гуГуми, тыншу, Іэфіу зэдэпсэуащ.

- Си адэр кьуаажэ хозяйствэм и трактор бригадэм и унафэщІу ильэс куэдкІэ лэжьащ, еш жьыхуаІэр имыщІэу, - игу кьегъэкІыж Лиуан. - Апхуэдэу зэрыпалжьэм щхьэкІэ кьэмынэу абы зэман кьигъэтырыфт дэтхэнэ и ныбжьмрэ гульытэ кьыхэтхуищІыну. Ди анэр Іэнатіэ Іумытами, унагъуэр зехьэныжмкІэ, сабийхэр зыхуэф дыхуэзгъэзэныжмкІэ лъэкІ кьигъэнакъым. ЖьипІэнурамэ, ди адэ-анэм я гупыгъэмрэ ущимерэ, хабагъэмрэ гуапагъэмрэ зэи дыщыщІакъым. Арауэ кьыщІэкІынщ, унафэщІу я ягъэуващ. Куэд дэмыкІыуи генеральнэ директор хьуащ. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеинщэ Лиуан АПК-м и еджапІэ нэхьыщхьэр, иужьыІэ аспирантурэр кьаІурит, ИригъэкІуэкІа кьэхутэныгъэр зи лъабжьэ щІэныгъэ лэжьыгъэр абы екІуэкІыпІэнгъэкІэ пхитэкІащ ябыІ экономикэ щІэныгъэхэм я кандидат хьуащ.

Зи Іуэхуэр Москва щыфІакІуэ Кьанкъул Лиуан иджыблагъэ ди щІыпІэм кьэкІуэжащ, и кьарур и зэфІэкІри мыбыс кьыщигъэсэбэпмэ нэхъ кьищІэу. Абы зэрыжиІэмкІэ, апхуэдэ лъэбакъуэм ар нэхъыбэу тригъэшуащ Москва дэт Налог академиер илъэс блэкІам кьэзыуха и щІалэ заІьатэри, ар япэ щыкІэ инженер-нормировщикыу, итІанэ мастеру, инженер нэхъыщхьэу яГьэув. 1978 гъэм Кьанкъулыр «Республикобзоюз»-м и ЖБИ заводым инженер нэхъыщхьэу яГьэкІуащ. ИлъэситІ нэхъ дэмыкІыу ар заводым и директор хьури, илъэс 20-м щІигъкІэ Іэнатіэр иригъэкІащ. А зэманым кьиуфІэгъэкІуэ зэпыту екІуэкІащ. ЗэфІэх лэжьыгъэфІым папщІэ, Кьанкъулым мыхъ-мыІэу кьыхуагъэфэщащ фІыщІэ, щытхъу тхьылъэр, саугъэт гъаІэхэр.

Дыззрыт лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэхэм Кьанкъулыр Москва ирагъэблэгъащ икІи «Электролуч» акционер зэгухьэныгъэм и коммерческэ унафэщІу яГьэуващ. Куэд дэмыкІыуи генеральнэ директор хьуащ. ЩІэныгъэм хуэнэхъуеинщэ Лиуан АПК-м и еджапІэ нэхъыщхьэр, иужьыІэ аспирантурэр кьаІурихащ.

# Іуарыуатэ - дыщэ пхъуантэ

КЪЭБЭРДЕЙМ я пщышхуэр, Щолэхъуажь, ІІа нэужь, пщыхэр зэныкъуэкъу хъуащ, бий зэхуэ хъужауэ зыбжанэрэ екІуэкІащ. Щолэхъуажьым я къуэм, Къэрэщей, унафэр яфІнубыдынкІэ шынэрти, ар яуклІи мурад ящІащ пщыхэм: «Ящэ зиДмыгъэщмэ, езым дыІэщІэкІуэдэнщ», - жари. Ар Мудар Хьэфэ и пщэ дапъхащ: «Къэрэщей тхуэукІ, уэр фІэкІ, нэгъуэщІ пэпъэщынукъым», - жари.

Мудар Хьэфэ бзаджэт, бзаджагъэкІэ нуклІин мурад ищІащ Къэрэщейр. Езыр Щолэхъуэх я малъхэти, хьэщІапІэ кІуащ, и щыбзыхуэр зыщІигъурт. Къэрэщей деж тхъэмахуэкІэ щыхьэщІащ Мудар Хьэфэ, щежьажьым Къэрэщейр кІэпъыкІуэтащ. Гъуэгур зэхуэдитІ ящІауэ, Му дар Хьэфэ Къэрэщей жриІащ:

- Гъэзэж, ирикъунщ укъыдэрыздэкІуэтар.

Къэрэщей кынгъэзэжащ. И щІыбэ къыщигъазэм, Мудар Хьэфэ и щыбзыхуэр игъэІущати:

- Еуэ ящжы! - жиІащ.

Мудар Хьэфэ и щыбзыхуэм къэрэщейр кынуклІащ. Къэрэщей и хьэдэр мэз гъапэм къ ы щ а г ъ у э т ы ж р н , щІалъхьэжащ. Я малъхъэм щэч хуащІакъым.

Щолэхъуэх я зы щыбзыхуэ ильтэуащ Мудар Хьэфэ Къэрэщей зэрыригъэкІар. Къэрэщей и хьэдэр щІалъхьа нэужь, щыбзыхуэм Щолэхъуэх яжриІащ:

- Къэрэщей хьэзыкІар Мудар Хьэфэщ. Къэрэщей илъ фхуэсщІэжьынщ.

- Къэрэщей илъ пщІэжмэ, щыбз хакІуапщІэ удот, - жаІащ Щолэхъуэх.

- Щыбз хакІуапщІэ къызэфтын и пэ дыщэ Іэмышщэ кыІэзэфт, - жери щыбзыхуэм дыщэ Іэмышщэ къаІихащ Щолэхъуэх.

Щолэхъуэх я щыбзыхуэр Мудар Хьэфэ деж кІуащ:

- Щы и пІалъэ соцІэ: ухуеймэ, щыбзыхуэ, ухуеймэ, щыгъашхэ сыпхуэхынщ, - жери.

- Щыгъашхэ сыхуейщ, - жери Мудар Хьэфэ щІалэр щыгъашхэ ящІащ.

Мудар Хьэфэ деж Іутуръ зыбжанэ дэкІауэ, Щолэхъуэх я щыбзыхуэм Мудар Хьэфэ и хакІуэр псафэ ишащ. ХакІуэр зыІэщІигъэкІ зищІри, псыхъуэм зыщиІэжьащ щыгъашэм, пшапэр зэхигъаэрэ кыздыхъэжащ:

- ХакІуэр сІэщІэкІри кІуэдащ, - жери.

- КІуэдакъым, - жиІащ Мудар Хьэфэ. - ХакІуэр къекІуэлІэжауэ бом щІэтщ. Уэ дэнэ ущыхэтар нобэ пЫандэм?

- ХакІуэм и уэж зесхуэрэ Іуащхэ сприхьелІэри къэсІатэти, дыщэ къыщІэкІащ, - жери щыгъашхэм дыщэ Іэмышщэр Мудар Хьэфэ ригъэзэгъэщащ.

- Іуащхэм сышэ, - къыжриІащ Мудар Хьэфэ.

- Пщэдджыжь усшэнщ, - жиІащ щыгъашхэм.

АбыкІэ зэгурыІуэри, щыгъашхэм Щолэхъуэх хъыбар яригъэщІащ: «Филь фщІэжыпуэ, мыпхущІэ Іущащхэм фыкъекІуалІэ», - жери.

Мудар Хьэфэ пщэдджыжьым дэшэсыкІащ, и щыгъашхэр зыщІигъури. Къэрэщей и щыгъашхэмщІэр Іуащхэ къуагъым кыкІуэуэвати, Мудар Хьэфэ щынэсым, сагъындакъыр къытрибыдащ:

- Си щынэхыжьмыр хьэщІэхурыпхъуэ хабзэкІэщ зэрыбгкІар, сэ лым и хабзэкІэ узукІынщ, - жери Мудар Хьэфэ кынуклІащ. И хьэдэр Іуащхьэм щІалъхьащ.

Мудар Хьэфэ и хьэдэр ягъуэтыжакъым. Хьэдэр ямыгъэтыжмэ, я напэр текІынути, зыкъомрэ лъыхъуа нэужь, ящІащ:

- Хьэдэр къздгъэтыжащ, - жари. Ар ягъэІури, Мудар Хьэфэ и хьэдэм и пІэкІэ пхъэкъэб щІалъхьащ, мащэ ятІри. «Мудар Хьэфэ и кхъэ нэпцІ» щыжаІар абдежщ.

Мудар Хьэфэ и шыпхър Псыжь ист. И дэлъхум и хьыбар щыхэхнухьм, Мудар Хьэфэ и щыпхър къэкІуэжащ, «си дэлъхум и хьэдащхьэ сывгъэлъагъу» жери щапнубыдым, заумысыжащ:

- Уи дэлъхум и хьэдэр дгъуэтыжакъым. Ди напэр текІырти, мащэм пхъэкъэб итлъхьащ хьэдэм и пІэкІэ.

- Си дэлъхур къзэхуІар Щолэхъуэхэщ, - жери Щолэхъуэх кІуащ Мудар Хьэфэ и шыпхър.

- Лей зезыхьар си дэлъхуращ, фэ лажьэ фиІэкъым, - яжриІащ Мудар Хьэфэ и шыпхъм Щолэхъуэх. - Си хьэпъ къэфтъагъуэ, хьэдэр къызэфтыж.

Мудар Хьэфэ и хьэдэр зыщІэлъ Іуащхьэр къыжраІащ Щолэхъуэх. Хьэдэр къащэри щІалъхьащ.

***Хьэфэ и Мудар дунейм щехьажар 1641 гъэрауэ я ныбтэ. Къэрэщей Къэбэрдейм я пщышхуэ Щолэхъу и къуэш, Мудар Хьэфэ і джылаухъстэнепщщ. ПщитІри пъэпкъ зэныкъуэкъум хэкІуэдауэщ тхыдэм къызэрыхъщыр.***

# Мудар Хьэфэ и кхъэ нэпцІ

*Хьыбар*

## Тхьэщэрыпхъу и къуэмрэ и пхъумрэ

НАРТХЭ я Тхьэщэрыпхъу ІэзтІолъхуэныкъуэу щІалэрэ хьыджбэзрэ игъуэтащ. Зэдэлъхуэзышпхър гущэ зырызым хиплэри, Тхьэщэ рыпхъу псыкъэ ежьащ. Я анэр щІэкІрэ пэт, хьыджбэз щыкІур гущэм кхыхэпсэлъыкІащ:

- Си дэпъ ку щыкІу, ди анэр псыкъэ ежьащ, щыпсэ къызжеІи, сытегъэу, - жери.

Ар щыхэхихьм, Тхьэщэрыпхъу бжэщхьэІум кыщІэзгъэващІащ:

- Тхьэр къызэуи, мы зэхэсхыр сыт щІагъуэ! - жери.

ЩІалэ щыкІри къыхэпсэлъыкІащ гущэм:

- Си щыпхъу щыкІу, утегъэуи хьэмэ узгъэбэмпІэн?

Тхьэщэрыпхъу и жьэр Іурыхуащ:

- Зыр згъэщІагъуэуэрэ нэхъ щІагъэжьыр зэхэсхан!

Зэдэлъхуэзышпхъмрэ анэр унэм щІэкІри щхьэгъубжэ ІьабжьэмкІыщІэуващ:

- Мы ІІум жаІэм седэІуэнщ, - жери.

ЩІалэ щыкІри щхьэгъубжэм дэпІьащ, и щхьэр кынІэтри.

- Сыт пІьагъурэ? - кІьеупщІащ и щыпхър.

- ДыгъужьибгъУ арГуяел куэпкъ бгъэдэсщи, яхуэшхыркъым - аращ сльагъур, - жиІащ щІалэ щыкІу.

- Дыгъужь щыр хьунщ, - жиІащ хьыджбэз щыкІум.

- Щыр-мышырми, ІІльэсищкІэ ягъэхуа выр ирауДри яшхащ, - жиІащ щІалэ щыкІум.

- Вы хьункъым, шкІащэ щыкІу щыкІу къыщІэкІынщ.

- ШкІащэ-мышкІащІэми, жыг Іьабжьэм щІоувэри жыгыщхьэм фІэлъ хьумбылэр ехьу.

- Жыг къыщІэкІынкъым, чыцэ ІьагуЗ щыкІу ХЬунщ.

- Чыцэ ІьагуЗ щыкІууи жьыІэ: ІЫр дэпІьелмэ, и пІьІэр щхьэрохУ.

- ІЫх хьункъым, сабий зекІуагъащІэмэ-щэ?

- Сабийуи ирехьу: маХуищэкІэ ИратІыха псыкъуиЙм йоІэбэри псы кьрех.

- Махуэр махуэ кІэщІ хьунщ.

- Махуэр кІэщІ-мыкІэщІми, пщэдджькъым хьуакІуЗ дэкІа шкІащІэр вы хьуаУ пщыхьэщхьэм къыдохьэк, - жиІащ щІалэ щыкІум. - Ирикъункъэ узэрызгъэбэмпІар, си щыпхъу щыкІу?

Тхьэщэрыпхъу пщІантІэм дэкІащ, псыхьэ ежьати:

- Тхьэм фІы къыІтхуди-гъакІуЗ: зэрыхьхн хьуауЗ дунейм кьыпехьащ зэдэлъхуэзышпхъур.

**НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырыр Къэрмокъуэ Хьэмидщ.**

## Уэзырмэдж

НАРТ зыу гуп шэри, гъуэгу техьащ:

- Сэтэней къэтхьынщ, - жари.

Гъуэгу техьауэ, зэчэнджэщыжри:

- Уэзырмэдж ди мыгъуэсмэ, Сэтэней къытхуэхьынкъым, - жаІащ. - Уэзырмэдж гъуэ дывгъэщІ.

Уэзырмэдж деж екІуэлІащ нартхэр:

- Сэтэней къэтхьынущи, гъуэ кьытхуэхьу, гъуэгур тІыхуркъым, - жари.

- Сыфхуэхъунщ, Сэтэней къывдэсхьынщ.

И Джэмыдзэкъым уанэ трилъхъри, Уэзырмэдж нартхэм ядэшэсащ.

КІуэм-лъэуръ, нартхэр егупсысыжащ:

- Уэзырмэдж Сэтэней ехъуэпсэжьынщи, дигъэхьынкъым, бзаджагъэ дыхуэвгъаКІуэ, - жари.

- ДыхуекІуэнщ, гъуэгум дыщигъэгъуэза нэужь, - жаІащ нартхэм.

Бзаджагъэ къыхуекІуэн мурад нартхэм зэрыгъэр Уэзырмэдж ищІакъым - гъуэгур яригъэлъагъури, Гъуд кьалэ иришэлІащ шу гупыр. Сэтэней зыдэсыр арат.

Гъуд кьалэ щынэблагъэм, нартхэм жаІащ:

- Шы пырхъ макъымкІэ дыкъащІэнщ, шыхэм я пэр пыдвгъэхыкІ.

Нартхэр зэрызэгурыІуати, яшхэм я пэр папхыкІ хуэдэ защІащ. Уэзырмэдж ар ищІакъым: Джэмыдзэ и пэр пикъузыкІащ. Мыбэуэжьыф хьури, Джэмыдзэ зэгуэудащ.

Уэзырмэдж гъуэгум кьытранэри, нартхэр Гъуд кьалэ дыхьащ, Сэтэней кьрахьэжьри я гъуэгу кьытехьэжащ. Уэзырмэдж сыт ищІэнт: и шыр и плІэм кьытрилъхъри, нартхэм кьакІэлъыкІуэжащ.

Уэзырмэдж деж ирахьэлІащ Сэтэней. ТхьэмахуэкІэ кьынгъэхьэщІэри, нартхэр кьригъэжьэжащ Уэзырмэдж, ауэ Сэтэней кьаритыжакъым.

- Си шым и уасэ ильхьым нарт хэкум, - кьажриІащ. - Си шыр Сэтэней текІуэдащи, Сэтэней си унэ кьинэщ.

Уэзырмэдж и унэ зы щауэ щилъхуащ Сэтэней. Щаауэм Сосрыкъуэ фІащащ.

## Хъуащ иджы!

ХЫ ІУФЭМ Іухьауэ хутыкъурэ Сосрыкъуэ иныжьхэм яІэрыхьащ.

- Тхуэмыгъэ уэтыр кьэдгъуэтащ, утшынкъэ иджы! - гуфІащ иныжьхэр.

ЯІэщІэжьыкуэжьыминыжьхэм бзаджагъэ яхуекІуэн мурад ящІащ Сосрыкъуэ.

- Сэ сыфшкІэ, фи ныбэ из хъункъым, - жиІащ Сосрыкъуэ. - Хым фыоеплъэт.

- Сыт дыхэплъэмэ? - зэпплъэнІащ иныжьхэр.

Хыр жьым зэрихуэрти, хы гущІыІум уалъэ Іэтэхэр щызекІэрт.

- Джэйр фльагъуркъэ: хы гущІыІум щыджэгур джейщ. Джейр фи Іэрыльхьэщ, - яжриІащ Сосрыкъуэ иныжьхэм, хы уалъэхэр яригъэльагъури.

- Пэжи жьыІэр? - жари иныжьхэр хым хэльэдащ.

Джей кьаІэрыхьакъым.

- Фи льэгуажьэм нэс фІэкІ фыхэмыхьауэ, джей кьыфІэрыхьэн? Фыхэкіуати, кьыфІэрыхьэнщ! - гуоуащ Сосрыкъуэ.

Иныжьхэр хым хэкІуэтащ. Хэкіуэтами, джей кьаІэрыхьэркъым.

Фи бгым нэс фІэкІ фыхэмыхьауэ, кьыфІэрыхьэн? ФыхэкІуэтэІуэ! - джащ Сосрыкъуэ .

Иныжьхэр нэхьри хэкІуэтащ хым, итІани кьаІэрыхьэркъым джей.

- Джейр хы Іуфэм Іус фи гуГъэ - фыхэкІуатэ нэхьри! - ящІэтуГбжьащ Сосрыкъуэ иныжьхэм.

Я дамащхьэм псыр кьытрикІэху, хым хэкІуэтащ иныжьхэр.

- Хьуащ иджы! - жери Сосрыкъуэ щыІэ зрищІэкІащ, хьэуаээ хикІутэурэ, иныжьхэр хым хигъащтхьэри, ежьэжащ.

## Щ І а л э б з а д ж э

- Вы къэсхунщи, гур сшэжынщ, - жери.

Ежьэжауэ, шу гуп кьрихьэлІащ лІыжь щыкІум.

- Фысакъ, - яжриІащ шу гупым. - Гъэгум дыгъу щызо уэ: сэ ситІыр сІыщагъэжащ.

ЛІыжь щыкІум къыщыдыхьэшхэри, шу гупыр блэкІащ, псы Іуфэ нэсри епсыхащ, жэщ кьатехьуати. Мэл яуклІри, льэгъупыІэмпІэ зэфІадзащ шу гупым. Шыр хъуным хаутІыпщхьащ, зы плъыр бгъэдагъэувэри.

- Сакъ! - жари плъырым и тхъэкІумэр хуаІуэнтІащ. - Шыр ебгъэхумэ, лІыжь щыкІум дыщІэбгъэхьэжащ.

ЛІыжь щыкІум и витІыр зыхуа щІалэ бзаджэр мэзым къыхэтІысхьауэ шу гупым кьеплъакІуэрти, щІакІуэ зытриубгъуэри, шыр хэзыгъэпщ плъырым кьыбгъэдыхьащ.

- Лыр ващ,- жриІащ плъырым, - уэ уедзэкъэжу, сэ щыр хэзгъэпщынщ.

Плъырыр гупым яхьыхьжащ. ЩІалэ бзаджэм шыр кьыІэщІикъуэри, мэзым хихуащ.

Гупым щахыхьэ жым, плъырым кьеупщІащ:

- Шым щхьэ укъыбгъэдэкІа? - жари.

- ЩІалэ нэвгъэкІуати, шым кьыпэрызнэри сыкъыбгъэдэкІащ,- жиІащ модрейм.

- НэдгъэкІуащ! - Шыр ебгъэхуащ! - жари зэрехьжьащ. Гупыр шым лъыхуэху, шыр быдапІэ щигъэзагъэри, щІалэ бзаджэм кьытригъэзащ, лыр вати, лъэгъупым кьыхихри, лъэпсым зы щІакІуэжь хидзащ, лыр фэм кІуэцІи-шыхри, мэзым хьыхьэжащ.

Нэху щыху шым лъыхуэри, гупым кьагъэзэжащ: шыри ягъуэтыжакъым, лыми хэкІыжауэ кьыщІэкІащ.

- Зив яхуа лыжь щыкІум дыщІэнэкІащ,-жаІащ гупым. -Нэхъ Іеиж кьызыщыщІар дэращ,- жари ежьэжащ, щхьэж и уанэ и пІлэм ирилъхьри.

ЛІыжь щыкІум и витІымрэ шу гупым я шыжьэ кьихури, щІалэ бзаджэр нэхущым я пщІантІэ дыхьэжащ.

## Хьэтырыншэ

ХЬЭМАСКІЭМРЭ хьэджафэмрэ гъуэгум щызэрихьэлІащ. ХьэмаскІэм мэжаджэ ныкъуэ дзапэкІэ иБыгъщ, хьэджафэр ныбдажщ. ЗэрихьэлІэри зэгъэпЫсащ хьэмаскІэмрэхьэджафэмрэ. Мэжаджэр хьэмаскІэм кыЫэцІитъэкІын мурад ящІащ хьэджафэм.

- Дэнэ укІуэрэ, хьэмаскІэ щыкІу, дэнэ укъикІыжкъ?

- Ди анэшым сыкъокІыж, - жиІащ хьэмаскІэм. - Хьэ тхъэмэ, сыщыхтъащ ди анэшым! АдакъэщІи схуауакІри хущІэ пІасти сагъэшхащ.

- Зи насып! - жиІащ хьэджафэм. - ПхъурылъхуР кІихьэмэ, псатхьэ магъ жыхуаІэракъ! Сэ дыгъуасэ льандэм дзэкъэгъуэ сІухуакъым... Мыр сыт, дзапэкІэ пІыгъыр?

- Мэжаджэщ. Сыкъыщрагъэжьажьащ, гъуэмылэ пхуэхьунщ, жари къызатащ, - жиІащ хьэмаскІэм.

- КІэрисхьа хуэди-тІэ мэжаджэр. Мэ щыуа хуэдэуи кьысфІощІ.

- Щыуакъым, - жиІащ хьэмаскІэм. - Нышэдибэрей мэжаджэщ.

Мэжаджэм епэм зищІащ хьэджафэм.

- Нышэдибэрей сщІэркъым, нэгъабэрей си гъэщІэгъуэн. Сегъэдзакъэт: мыгъуэтауэ пІэр? Гъуэтамэ, уи ныбэр игъэуэзынщ.

- Игъэузмэ, уи ныбэкъым игъэузынур, - жиІащ хьэмаскІэм. - Умыгъавэ.

- Ущегъуэжьнщ, тхьэмыщкІэ, ныбакъэ ущІмэ.

- Мэ щыуами гъуэтами си мэжаджэм укъемынэщІ.

- ЗэрыжьІэмыдаІуэ мыр! ХьифІэдзэ! Гъуэгум кьытени, бажэ ныбаджэ гъэр кьрихьэлІэмэ, ездзэгъунщ. Гъуэ кьыСхуэхъуи, дзыгъуащэ дегъажьэ. ПыкІ мы мэжаджэ ныкъуэсым.

- Уи дзыгъуэр фІыкІэ ушх, си мэжаджэм и унафэр умыщІ, - жиІащ хьэмаскІэм, мэжаджэр дзапэкІэ иубыдыжри.

- Ныбэузым уихьащэрэт уэ Іейр, хьэтырыншэ ухъужауэ, - жери хьэджафэр ежьэжащ, хьэмаскІэм зэрызмэзгъэнур кьыгурыІуэри.

## Хъуэжэ и кІапсэшхуэр

МЭКЪУШЭ кІуэнути, Хьуэжэ и гъэнэгъуэ кІапсэшхуэ къыІихащ. КІапсэшхуэр кьыщІритым:

- Хуэсакъ,ебгъэдыгъунщи, кІапсэшхуэм сыхэбгъэкІыжащ, - кьыжриІащ и гъэнэгъуэм.

- Сыхуэсакъыншу, - жери Хьуэжэ мэкъушэ кІуащ, мэкъуГу кьишэщІ, иунэщІри, кІапсэшхуэр гъунэгъуэм хурихьэкІыжащ, зы арэфписи щІигъури.

- Арэфписпщр дэнэ кьикІа? - игъэщІэгъащ Хьуэжэ и гъунэгъуэм.

- Уи кІапсэшхуэр лъхуэри арэфпис кьилъхуащ, и хьёр улъагъу, - жиІащ Хьуэжэ.

Хьуэжэ и гъунэгъуэр арэфписым щыгуфІыкІащ.

Зыбжанэ дэкІауэ, мэз кІуэм хуеити, Хьуэжэ и гъунэгъуэм и кІапсэшхуэр аргуэру кьыІихащ.

- Умыгъгувэ, сэри сыхуеинуту, - кьыжриІащ кІапсэшхуэр кьыщритым.

КІапсэшхуэр и гъунэгъуэм фІишхын мурад ищІащ Хьуэжэ. Хуимыхьыжуръ щигъэгувэм, и гъунэгъуэр кьекІуэкІащ:

- КІапсэшхуэр щхьэ нысхумыхьыжрэ? - жери.

- КІапсэшхуэр лъхуэрэм илЫкІащ, - жиІащ Хьуэжэ.

- Сыт хьэдгъуэдахэ жыпІэр, кІапсэр лъхуэрэ? - ауан кьыщІащ гъунэгъуэм.

- КІапсэшхуэр лъхуэрэм арэфпис кьилъхуащ щыбжесІам уи фІэщ хьуащ, кІапсэшхуэр лъхуГъэм зэрилыкІар щхьэ уи фІэщ мыхьэрэ иджы? - жиІащ Хьуэжэ, и гъунэгъуэм еплъри.

Хьуэжэ и гъунэгъуэр укІыкІэжри дэкІыжащ. КІапсэшхуэр Хьуэжэ кьыхуэнащ.

## Тхьэщэрыпхъу и къуэмрэ и пхъумрэ

НАРТХЭ я Тхьэщэрыпхъу ІэзтІолъхуэныкъуэу щІалэрэ хьыджбэзрэ игъуэтащ. Зэдэлъхуэзышпхър гущэ зырызым хиплэри, Тхьэщэ рыпхъу псыкъэ ежьащ. Я анэр щІэкІрэ пэт, хьыджбэз щыкІур гущэм кьыхэпсэлъыкІащ:

- Си дэпъ ку щыкІу, ди анэр псыкъэ ежьащ, щыпсэ къызжеІи, сытегъэу, - жери.

Ар щыхэхихьм, Тхьэщэрыпхъу бжэщхьэІум кьыщІэзгъэващІащ:

- Тхьэр къызэуи, мы зэхэсхыр сыт щІагъуэ! - жери.

ЩІалэ щыкІри къыхэпсэлъыкІащ гущэм:

- Си щыпхъу щыкІу, утегъэуи хьэмэ узгъэбэмпІэн?

Тхьэщэрыпхъу и жьэр Іурыхуащ:

- Зыр згъэщІагъуэуэрэ нэхъ щІагъэжьыр зэхэсхан!

Зэдэлъхуэзышпхъмрэ анэр унэм щІэкІри щхьэгъубжэ ІьабжьэмкІыщІэуващ:

- Мы ІІум жаІэм седэІуэнщ, - жери.

ЩІалэ щыкІри щхьэгъубжэм дэпІьащ, и щхьэр кынІэтри.

- Сыт пІьагъурэ? - кІьеупщІащ и щыпхър.

- ДыгъужьибгъУ арГуяел куэпкъ бгъэдэсщи, яхуэшхыркъым - аращ сльагъур, - жиІащ щІалэ щыкІум.

- Дыгъужь щыр хьунщ, - жиІащ хьыджбэз щыкІум.

- Щыр-мышырми, ІІльэсищкІэ ягъэхуа выр ирауДри яшхащ, - жиІащ щІалэ щыкІум.

- Вы хьункъым, шкІащэ щыкІу щыкІу кьыщІэкІынщ.

- ШкІащэ-мышкІащІэми, жыг Іьабжьэм щІоувэри жыгыщхьэм фІэлъ хьумбылэр ехьу.

- Жыг кьыщІэкІынкъым, чыцэ ІьагуЗ щыкІу ХЬунщ.

- Чыцэ ІьагуЗ щыкІууи жьыІэ: ІЫр дэпІьелмэ, и пІьІэр щхьэрохУ.

- ІЫх хьункъым, сабий зеКІуагъащІэмэ-щэ?

- Сабийуи ирехьу: маХуищэкІэ ИратІыха псыкъуиЙм йоІэбэри псы кьрех.

- Махуэр махуэ кІэщІ хьунщ.

- Махуэр кІэщІ-мыкІэщІми, пщэдджькъым хьуакІуЗ дэкІа шкІащІэр вы хьуауЗ пщыхьэщхьэм кьыдохьэк, - жиІащ щІалэ щыкІум. - Ирикъункъэ узэрызгъэбэмпІар, си щыпхъу щыкІу?

Тхьэщэрыпхъу пщІантІэм дэкІащ, псыхьэ ежьати:

- Тхьэм фІы къыІтхуди-гъакІуЗ: зэрыхьхн хьуауЗ дунейм кьыпехьащ зэдэлъхуэзышпхъур.

**НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырыр Къэрмокъуэ Хьэмидщ.**

## Жэбагъы захуэщ

КЪЭБЭРДЕЙМ я хеящІэр, Уэрий дадэ, жьы дыдэ хьуат - ильэсищэм щІигъуат. Жьы хьуами, хеящІэ къулыкъум текІын фІэфІтэкъым Уэрий дадэ. «ЗгъэукІытэнщи, згъэтІысыжьынщ», - жери Къзанокъуэ Жэбагъы Уэрий деж кІуащ.

- Уэрий, - жиІащ Жэбагъы, - зыгуэркІэ сыноущІынущи, уигу кьызымыгъабгъэ, кьыкІыр схуэзэхуэ.

- Хьунщ, кьызэущІ, - жиІащ Уэрий дадэ.

- ПщІыр бзу, пщыкІутхур чыпІ, тІощІыр дыгъужь, пІльищІыр аслъэн, хьыщІыр вы, пщІейр пэщащэ, щэр джэдыкІэ. Сыт кьыпхъ?

Егупсыса щхьэкІэ, Жэбагъы и пІалъэр хуэзэхуакъым Уэрий дадэ.

- Абы кьыкІращ, - жиІащ Жэбагъы. - ИльэсипщІ ныбжьым щитым деж цІыхур бзум хуэдэщи, зольатэ. Ильэс пщІыкІутхум нэсамэ, чыцІ кьуейщІей хуэдэщ. Ильэс ЗІощІ ирикъуамэ, дыгъужь хуэдэ мыгушхуэ. Ильэс пІльищІым итыр аслъэн хуэдэ захуэщ. Ильэс хьищІ ирикъуар вы зыхуэдэ гуащІафІэщ, и акъыли нэсащ. Ильэс пщІейм нэсмэ, пэщащэ фІэкІ, ищІэжьшхуэ щыІэкъым. Ильэсищэм щхьэдэха цІыхур джэдыкІэ шкІумПІым хуэдэщ.

Уэрий дадэ ильэсищэм щІигъуати, хеящІэ кьулыкъум текІри, ТІысыжащ:

- Жэбагъы захуэщ, - жери.



**Тэгэртуп и хьыбар.**
*Сурэтыр Урысей Федерацэм и цІыхубэ сурэтыщІ* **ПАЩТЫ Герман** *ищІащ.*

## Іуарыуатэ - дыщэ пхъуантэ

КЪЭБЭРДЕЙМ я пщышхуэр, Щолэхъуажь, ІІа нэужь, пщыхэр зэныкъуэкъу хъуащ, бий зэхуэ хъужауэ зыбжанэрэ екІуэкІащ. Щолэхъуажьым я къуэм, Къэрэщей, унафэр яфІнубыдынкІэ шынэрти, ар яуклІи мурад ящІащ пщыхэм: «Ящэ зиДмыгъэщмэ, езым дыІэщІэкІуэдэнщ», - жари. Ар Мудар Хьэфэ и пщэ дапъхащ: «Къэрэщей тхуэукІ, уэр фІэкІ, нэгъуэщІ пэпъэщынукъым», - жари.

Мудар Хьэфэ бзаджэт, бзаджагъэкІэ нуклІин мурад ищІащ Къэрэщейр. Езыр Щолэхъуэх я малъхэти, хьэщІапІэ кІуащ, и щыбзыхуэр зыщІигъурт. Къэрэщей деж тхъэмахуэкІэ щыхьэщІащ Мудар Хьэфэ, щежьажьым Къэрэщейр кІэпъыкІуэтащ. Гъуэгур зэхуэдитІ ящІауэ, Му дар Хьэфэ Къэрэщей жриІащ:

- Гъэзэж, ирикъунщ укъыдэрыздэкІуэтар.

Къэрэщей кынгъэзэжащ. И щІыбэ къыщигъазэм, Мудар Хьэфэ и щыбзыхуэр игъэІущати:

- Еуэ ящжы! - жиІащ.

Мудар Хьэфэ и щыбзыхуэм къэрэщейр кынуклІащ. Къэрэщей и хьэдэр мэз гъапэм къ ы щ а г ъ у э т ы ж р н , щІалъхьэжащ. Я малъхэм щэч хуащІакъым.

Щолэхъуэх я зы щыбзыхуэ ильтэуащ Мудар Хьэфэ Къэрэщей зэрыригъэкІар. Къэрэщей и хьэдэр щІалъхьа нэужь, щыбзыхуэм Щолэхъуэх яжриІащ:

- Къэрэщей хьэзыкІар Мудар Хьэфэщ. Къэрэщей илъ фхуэсщІэжьынщ.

- Къэрэщей илъ пщІэжмэ, щыбз хакІуапщІэ удот, - жаІащ Щолэхъуэх.

- Щыбз хакІуапщІэ къызэфтын и пэ дыщэ Іэмышщэ кыІэзэфт, - жери щыбзыхуэм дыщэ Іэмышщэ къаІихащ Щолэхъуэх.

Щолэхъуэх я щыбзыхуэр Мудар Хьэфэ деж кІуащ:

- Щы и пІалъэ соцІэ: ухуеймэ, щыбзыхуэ, ухуеймэ, щыгъашхэ сыпхуэхынщ, - жери.

- Щыгъашхэ сыхуейщ, - жери Мудар Хьэфэ щІалэр щыгъашхэ ящІащ.

Мудар Хьэфэ деж Іутуръ зыбжанэ дэкІауэ, Щолэхъуэх я щыбзыхуэм Мудар Хьэфэ и хакІуэр псафэ ишащ. ХакІуэр зыІэщІигъэкІ зищІри, псыхъуэм зыщиІэжьащ щыгъашэм, пшапэр зэхигъаэрэ кыздыхъэжащ:

- ХакІуэр сІэщІэкІри кІуэдащ, - жери.

- КІуэдакъым, - жиІащ Мудар Хьэфэ. - ХакІуэр къекІуэлІэжауэ бом щІэтщ. Уэ дэнэ ущыхэтар нобэ пЫандэм?

- ХакІуэм и уэж зесхуэрэ Іуащхэ сприхьелІэри къэсІатэти, дыщэ къыщІэкІащ, - жери щыгъашхэм дыщэ Іэмышщэр Мудар Хьэфэ ригъэзэгъэщащ.

- Іуащхэм сышэ, - къыжриІащ Мудар Хьэфэ.

- Пщэдджькъым усшэнщ, - жиІащ щыгъашхэм.

АбыкІэ зэгурыІуэри, щыгъашхэм Щолэхъуэх хъыбар яригъэщІащ: «Филь фщІэжыпуэ, мыпхущІэ Іущащхэм фыкъекІуалІэ», - жери.

Мудар Хьэфэ пщэдджькъым дэшэсыкІащ, и щыгъашхэр зыщІигъури. Къэрэщей и щыгъашхэмщІэр Іуащхэ къуагъым кыкІуэуэвати, Мудар Хьэфэ щынэсым, сагъындакъыр къытрибыдащ:

- Си щынэхыжьмыр хьэщІэхурыпхъуэ хабзэкІэщ зэрыбгкІар, сэ лым и хабзэкІэ узукІынщ, - жери Мудар Хьэфэ кынуклІащ. И хьэдэр Іуащхьэм щІалъхьащ.

Мудар Хьэфэ и хьэдэр ягъуэтыжакъым. Хьэдэр ямыгъэтыжмэ, я напэр текІынути, зыкъомрэ лъыхъуа нэужь, ящІащ:

- Хьэдэр къздгъэтыжащ, - жари. Ар ягъэІури, Мудар Хьэфэ и хьэдэм и пІэкІэ пхъэкъэб щІалъхьащ, мащэ ятІри. «Мудар Хьэфэ и кхъэ нэпцІ» щыжаІар абдежщ.

Мудар Хьэфэ и шыпхър Псыжь ист. И дэлъхум и хьыбар щыхэхнухьм, Мудар Хьэфэ и щыпхър къэкІуэжащ, «си дэлъхум и хьэдащхьэ сывгъэлъагъу» жери щапнубыдым, заумысыжащ:

- Уи дэлъхум и хьэдэр дгъуэтыжакъым. Ди напэр текІырти, мащэм пхъэкъэб итлъхьащ хьэдэм и пІэкІэ.

- Си дэлъхур къзэхуІар Щолэхъуэхэщ, - жери Щолэхъуэх кІуащ Мудар Хьэфэ и шыпхър.

- Лей зезыхьар си дэлъхуращ, фэ лажьэ фиІэкъым, - яжриІащ Мудар Хьэфэ и шыпхъм Щолэхъуэх. - Си хьэпъ къэфтъагъуэ, хьэдэр къызэфтыж.

Мудар Хьэфэ и хьэдэр зыщІэлъ Іуащхьэр къыжраІащ Щолэхъуэх. Хьэдэр къащэри щІалъхьащ.

***Хьэфэ и Мудар дунейм щехьажар 1641 гъэрауэ я ныбтэ. Къэрэщей Къэбэрдейм я пщышхуэ Щолэхъу и къуэш, Мудар Хьэфэ і джылаухъстэнепщщ. ПщитІри пъэпкъ зэныкъуэкъум хэкІуэдауэщ тхыдэм къызэрыхъщыр.***

## Сабий театрым папщІэ

## Бажэмрэ адэжьынэмрэ

*ЩакІуэ екъуауэ, бажэм адэжьнэ къыІэрыхьащ.*

**Бажэм.** УкъыСІэрыхьа, адэжьнэ цІыкІу! Куэд щІауэ сынощэрт сэ уэ. Дэнэ ущыкІуэдар?

**Адэжьнэм.** Дэнэ сыщыкІуэдын, бажэкъ: хьупІэм ситщ.

**Бажэм.** УпыкІащ хъупІэм.

**Адэжьнэм.** Сыт къыхэпщІэнур?

**Бажэм.** УэсщІэнур пщІэркъэ? Усщхьанущ.

**Адэжьнэм.** Унэщ сэ сыпшхкІэ. Сызэрыуэдыр пльагъуркъэ?

**Бажэм.** Ууэдми, зыптезгъэтуэсркъым. Щэджагъуайшхэ усхуэхъунущ. СымэжэлІащи, си лъэм сызэрихьэжьыркъым.

**Адэжьнэм.** Сумышхмэ, джэдыл пшэркІэ узгъэтхъэжьнщ.

**Бажэм.** Джэдыл пшэр уафэм кьехуэхрэ? Пщэдейрей ныбгъуэ нэхъ нобэрей бзу, жиІащ адыгэм.

**Адэжьнэм.** Зэ думыгъэпІащІэ. Зы лІыжьрэ зы фызыжьрэ мыбыкІэ блэкІынущ иджыпсту. ЛІыжьымрэ фызыжьымрэ сэ зрезгъэхуэзынщи, я гъуэмылэр уэ къыпхуэнащ.

**Бажэм.** СыкъэбгъапцІэркъэ?

**Адэжьнэм.** УкъэзгъапцІэркъэ? ЛІыжьымрэ фызыжьымрэ къэсынущ иджыпсту. Уэ мо жыгым и къуагъым къуэувэ.

*Бажэр жыг къуагъым кьуэуващ, адэжьнэр гъуэгуцхъэм тепІыСхьащ. ЛІыжьымрэ фызыжьымрэ кьос.*

**ЛІыжьым.** Адэжьнэ бэгъуа къытІэрыхьащ, фызыжь. Ди насып къихьар пльагъуркъэ!

**Фызыжьым.** Дынащ, лІыжь! Тхьэр кьытхуэупсащ.

**Адэжьнэм.** Фынащ, сыкъэвуб

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Малъхъэдис

**● Рассказ кІэщІхэр**

Сыт апхуэдэу щІыщытыр?

**- Махуэ псом солажьэр, - хуэжьу ягу кІуэуу жиІэрт Дзэ узышэм, - ихъ лейуэ зы пщІэ гуэри кьыхуащІыркьым! Ауэ щыхъукІи, еплыт хьэлч хьуа дзэхэм – дыщэкІэ яхуэнащ. Сыт апхуэдэу щІыщытыр, кьызжефІэт, и? Сыт батэкъутэ абыхэм ягъэшар?**

Іуэхущхуэ

**Уэшх зыпхымыкІ[illegible]жІэ арэзыкъым.**

**«Дунейр уэфІу дыгъэр кьышеешы, си гур кьэкІухьыным щыхуеІэм деж унэм сыщІаубыдэри, ІункІыбзэ иратыж. Я гурыфІ кьинкІыу сыкьышІахакъэ – Ізмал имыІэу уэшхым кьрегъажьэ», - жеІэ абы.**

**Дауэ ар кьызэрыбгурыІуэнур? Іей ягу кьыхуилъу кьращІэу пІэрэ хьэмэрэ ямыщІэххэу уэшхыр кьешхыу ара?**

**А упщІэм и жэуапыр плащым кьыхуэгъуэтыркьым, сыт имыщІэми.**

Дэхэр

**ДитІ зохуэзат - тІыркІ-сырыс[illegible] ФыІуэ зэжьэхуэщ, зэдыркъри я гъэгу теувжащ. Мажэ ахэр лъейуэ икІи мэгупсыс:**

Ятэ дэр.Ди тхьэ, сыту дэ купщІэнщэ куэд тет хьуа мы дунейм! Сыкьызэралъхурэ хьун хуэдэу зы дэ купщІафІэ сыхуэзакъым.

ЕтІуанэ дэр. Дауэ яхулъэкІрэ абыхэм, а дэ купщІэнщэхэм, купщІафІэу фэ зытрагъэуэну? Уепльамэ - уи гугъэнщ лажьэ ямыІэу, ауэ, я макъ зэрызэхпхыу, занщІэу кьыбощІэ ахэр зи дэ лъэпкъыр!

Ятэ дэр.Дахэ-дахэу дыгъэдыркьыни дрихьэлІащрэт!

ЕтІуанэ дэр. Умгу тебгъахуэ хьуну зыгуэрым макъ ищІауэ зэхэсхащрэт!

**Лъейуэ мажэ дэхэр икІи дэтхэнэри йогупсыс адрейр зэрыкупщІэнщэм.**

**Сыт-тІэ иягъэщІ зэбгъэгупсысынур дэ кунэфхэр?**

КРИВИН Феликс.

ЗэзыдзэкІар КЪАГЪЫРМЭС Борисщ.

**● Хадзэкэ Іхэр**

Лабэджэш

*(Клещевина)*

**Лабэджэшыр XIX лІэщІыгъуэм и зэхуэдитІхэм кьыщагъэкІыу хуежьащ Кавказ Ищхьэрэ хэгъуэгуэхэм, псом хэмыдэу Лабэ губгъуэхэм. И жылэхэр джэшым зэрещхьым икІи Лабэ лъэныкъуэкІэ кьызэрыщежьам щхьэкІэ, мы кьэкІыгъэм адыгэхэм лабэджэш фІащащ. Жылэхэм дагъэ Іуву процент 47-64-м нэс щІэтщ, пшхы хъурекъым, ауэ медицинэм, промышленностым якьукІэ щыпхапІэщ.**

Чэтэн

*(Лен обыкновенный)*

**Щыхур ижь-ижьыж лъандэрэ, илъэс мини 6-7 хуауэ, зэлэжь кьэкІыгъэ лІэужьыгъэщ. И пкъым кьытрах фэм щэкІ кьыхащІыкІ, и жылэ эм дагъэ кьыщІаху. ЩІэныгъэлІхэм кьызэрахутамкІэ, чэтэныр ижь-ижьыжьм кьыщагъэкІыу щытащ Месопотамием, Ассириием, Кавказым, Мысырым, Индием, Китайм. Шэч хэлькьым ди лъэпкъыр кьызэтелхъуІижьажэм пасэм чэтэныр кьагъэкІыу, щэкІэхэр кьыхащІыкІыу зэрыщытам. Эдмонд Спенсер адыгэхэм кьахьхьэу щахэсам гу лыитат чэтэным кьытрах фэр щэкІыу зэІуащІэу зэрыщытам: «…СызихьэщІэ лІым и унагъуэм ис бзыльхугъэхэм, ныбжь зиІэ гущІэхэмих уэдэу, зэманкІэрэ цыр, чэтэныр зэІуащэ…».**

**Лъэпкъ Іуэрыіуатэм, нарт хъыбарыжьхэм зэрыкэтымкІэ, Іэдииху зыщыпсэуа кьалэр зытета бгыщхьэмрэ Инжыджыкіыкіу псым и адрыщІым абы кьыщыпэщыт Бэчбий бгыщхьэмрэ я зэхуакум чэтэн лъэмык тельу щытащ. Ижь Египетым и щІэнпхэм кьыІэрагъэльагъуэмкІэ, а лъэхъэнэ жьыкъэм чэтэным кьытраха фэм щэкІым кьищынэмыщІауэ чэтэнжьыхуэхэр (парус), кІапсэ быдэхэр, кІапсэ гъум лъэщхэр жьыхащІыкІыр т. Абы кьыхэкІыу Іу эрыІуатэм зи гугъу ищІ чэ тэн лъэмыжьыр мышыпсэнкІэ мэхъу. Ильэс минкІэ уэзІэбэжьажмэ, Аль-Масуди ди лъэпкъым кьащьыхьхам щыгъуэ ди бзыльхугъэхэм зэІуащэу гу зыльыта щэкІыфІ дыдэ «тала» жьыхуІэр чэтэныфэм кьыхащІыкІыу щытауэ хуэбгъэфащэ хьунущ.**

Пкъынэ, пкъынальэ

*(Бальзамин, недотрога бальзаминовая)*

**Адыгэхэм куэд щІауэ унэ хадзэхэм кьыщагъэкІ, иІэгъэ кьыхахьын щхьэкІэ.**

**КьэкІыгъэм кьэгъэгъэн кьыщригъажьэкІэ кьыпаупщІыртн эхаубэр т, ахьшэдэщ, бзу вей, нэгъуэщІ пкъыгъуэхэр хальхьэртн, мэлыц хужьхэр, пщащэ щыкІуэхэм я Іэбжьанэхэр, Іэгъуэгъэр, бзыльхугъэхэм я щхьэцэхэр, цеяпхьэхэр гъуафэу, пльыжьыфэу, морафэу иралэрт. ИІэгъэгъ кьыІэррымыкІуэу куэдрэ иІыгът.**

**«Пкъынэ» псальэр ди бзэм хэкІри абазэбэзэм, кьэрэшей-балъкьэрыбзэм хьыхащ. КъэкІыгъэм и кьэхъунІэ-кьежьапІэр Индиеращ.**

*«Мылъыкъ ефІэкІ хъуГуэфІыгъуэ» тхьытым кьитхьакащ.*

# Илъэсыщ Іэ хъуэхъу

Іэхуфі къетхьажьэу,
Фіым дыхуэлажьэу,
Нэхьыжь дедаІуэу,
Цыхубз пщІэ хуэтщІу,
ТщІэхэр тфІэмащІэу,
МащІэу дыпсалъэу,
Куэду дылажьэу,
Жьыхэр дгъэтыншу,
ЩІэблэфІ здэдгъасэу,
Сэхъуа димыІэу,
ІэщІыр ди куэду,
Дыгъу кьытхэмыкІыу,
КъэкІыр ди гъавэу,
Дгъавэр ди ныщу,
ШІхыныр ди батэу,
Іэнэр кьинкъутэу,
Тхъэгъуэр ди махуэу,
Хуэмыіху тхэмыту,
Тетыр Іумахуэу,
Іуэху зэрихьэфу,
Бэм хуэІэжьэфу,
Бийм дыпэтъэщІу,
Пэжыр ди ІэщІэу,
Щытхъур къэдлэжьу,
Жьыіэ дытэджу,
Цыіху кьытклэтъыщджэу,
Джэгур зэкэтшэу,
Щауэр къудану,
Ныісэр щыкІафІэу,
Фіыгъуэр кьыдэкІуэу,
Кьакіуэр ди хьэщІэу,
ПщІэ зэхуэтщІыфу,
Фадэр дгъэмащІэу,
ЩІэныгъэр пашэу,
Акъылыір ищхьэу,
Ди бзэр бзэрабзэу,
Хабзэр дгъэлажьэу,
Лажьэ димыІэу,
Хэкір тхъумэжу,
Хъуэни къздмыхъу,
Хэхъуэр ди куэду,
ХэщІыр ди мащІэу,
Сом дыщымыщІэу,
Щіым дытелажьэу,
Фіыр ди Іэужьу,
Жьыгъэм димыщтэу,
Кьатщтэр гуфІэгъуэу,
ГъуэгуфІ дытету,
Кьинкіуэт щымыІэу,
Дылъэпкъ узыншэу
Дэ декІуэкІыну
Нобэ сохъуахъуэ!

**ЩХЬЭНЫКЪУЭ Мусэбий.**

**● Псалъэжьхэр**

# Блэр гъуэмбым къреш

**● Зыщ Іэн зимыІэм и бзэр кІыхьщ.**

*Шапсыгъ.*

**● Псалъэ дахэм блэр гъуэмбым къреш.**

*Шэрджэс.*

**● Нобэ щІы бупсмэ, пщэдей жьыпэр я фІэщ хъужьнукъым.**

*Абазэ.*

**● ЖьыІэну тынш щхьэкІэ, пщІэну гугъущ.**

*Адыгей.*

**● Псалъэм пщІэ хуэзыщІырщ псалъэ дахэ зыжеІэнхъэр.**

*Абхаз.*

**● Псэлъэрейр бдзэжьеящэ здумышэ.**

*Ингуш.*

**● Бзэгум къущІхьэ хэмылъ щхьэкІэ, къущІхьэри екъутэф.**

*Къумыкъу.*

**● Гушыіэ**

Пощтэехьэр мэупщІ

**Докутырым деж къэкІуа цІыхухъур Іэщ Іагъэлэным къызэпиІтыхьри, жиІащ:**

**- У и лажьэшхуэ щыІэкъым. Пщэдджыжь къэс жьы къабзэм уэхту тІэкІу къэпкІухьын хуейуэ аращ.**

**- Сыт зэманым деж къыщыкІухьынур, дохутыр?**

**- Пщэдджыжьым пэхъыфщ, даун.**

**- Хъунщ-тІэ, газетхэр къесхьэкІа нэужь, къэскІухьынщ. - жиІащ пощтэехьэм.**

Щ[illegible]

**ЗэныбжьгъуитІ зэхуэзащ, зыр адрейм йоупщІ:**

**- Мэжид, иджыпсту сом минитху къэбгъуэтамэ, сытыт пщІынур?**

**- Сом минитІыр щыхуэу стыжынут.**

**- Адрейхэр-щэ?**

**- Адрейхэр къыззжьэнт.**

*Ислъэмей къуажэм щыпсэу Мэзан Папуржан Хьэрун и пхъур илъэс 80 ирокъури дохъуэхъу*

ФІыуэ тлъагъу ди мамэ дахэ, нанэ Іумахуэ! Сыт щыгъуи уи цІэр фІыкІэ ираІуэу къокІуэкІри, дэпэкІи уи пщІэр лъагэу, уи узыншагъэр быдэу, уи щІэблэм я насыпым ухэплъэу, лъэрытету иджыри илъэс куэдрэ утхуэпсэну ди гуапэу дынохъуэхъу. Дигу пхуилъ фІыгъуэмкІэ Тхьэшхуэр кьыпхуэупсэ!

***Уипхъу Джэрыджэ Фатимэт, уи пхъурылъхухэу Залинэ, Заур, Аскэр.***

**● Хъуэхъу**

# Мыхъумыщ Іагъэм ущызыхъумэ

ЩІэныгъэрщ цІыхур щхьэхуит зыщцыр, и пщІэр къэзыІэтыр.

**ПИСАРЕВ Дмитрий,**
*урыс публицист.*

ЦІыхум зиужь зэпыту екІуэкІынырщ гъащІэм купщІэ хуэхъур.

* * *

ЦІыхум нэхъыбэ ищІэжу, нэхъ къаруфІэ мэхъу.

**ГОРЬКИЙ Максим,**
*урыс тхакІуэ.*

Фи къэхъым зезыгъэужьынкІэ хъуну сыт хуэдэ Іуэхуми зыщцывмыдзей.

**Стендаль,**
*франджы тхакІуэ.*

**● Щ ІыщхьэпІэхэм къарыкІыр**

# КъэкІыгъэхэр

**Жыг пщІыхьэпІэу пльагъуэмэ, хэхъуэ уиІэну аращ. Ауэ жыгым удэпщеймэ, хэщІыныгъэ кьыппокІыт.**

**Пхъэщхьэмыщхьэ зыпыт жыг уи нэгум щэкІмэ е ахэр кьыпыпчу пльагъуэмэ, ехьулІныгъэшхуэ уиІэну аращ. Жыг хэпсэу щІыпхьэ пльагъуэмэ, мыгъкуфІэ ухъунущ. Жыг гъэгъа пльагъуэмэ, уи Іуэхуэхэр тыншу дэкІынущ.**

**Псей уепщІыхьмэ, саугъэт кьыпхуащІыну аращ.**

**Жьзумейм жьзум Іэрамэ хэр пыту пльагъуэмэ, зыгуэрым ущыщтэну, ущыщынэну аращ. Жьзум пщхьуэ уи пщІыхь кьыхэхуэмэ, нэпс щІзбгъэкІынущ. Ауэ жьзум Іэрамэ кьуату уепщІыхьмэ, цІыхугъэщІэ уиІэну аращ.**

**Кьыпщіей е кьыпщІэ пщІыхьэпІэу пльагъуэмэ, уэ е уи Іыхьлъхэм ящыщ зыгуэр сымаджэ хьуну аращ.**

**Удэ уи пщІыхь кьыхэхуэмэ, Іуэху мыщхьэпэ гуэрхэм урихьэлІэнущи, умыбэлэрыгъ.**

**КъэкІыгъэ куэд зэрыт**

**НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар**

**НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

**● Фызыкі эхъыпІтыжх**

# Напэр дахэу щытыну фыхуеймэ...

НАПЭР къабзэу, дахэу щытын щхьэкІэ, мыпхуэдэ зэхэлъхэр щыпхуэ хъунущ:

Бжэмыщх цІыкІум и ныкъуэ хуэдиз шыгъу, кхъуейлъалъэ бжэмышхрэ ныкъуэрэ, шатэ бжэмышхитІ зэхьибольхьэ, зэщыщ хъухукІэ зэхьибогъэзэярыхри, напэм щыбохуэ. Ар дакъикъэ 15 хуэдизкІэ кІэрылъа нэужь, псы хуабэкІэ ботхьэщІыж. Абы иужькІэ, мыл тыкъыр щІыкІу щыпхуэмэ, кудэкІэ нэхъ сэбэп хъунущ.

* * *

ЗЫ ДЖЭДЫКІЭМ и псыр фІыуэ боудэ, итІанэ лимон ткІуэпси 5 хыбогъатКІуэ, зэІыпщІэуэрэ.

Ар хуэмурэ напэм щыбохуэ, дакъикъи 10-кІэ кІэрыбогъэльри, псы хуабэкІэ ботхьэщІыж.

**● Чэнджэщхэр**

# ИІа теплъэр къещтэж

**♦ Фэм къыхэщІыкІа щыгъынхэр, сумкэхэр кьабзэ ещІ сабиныпс литрым нашатыр спирт бжэмышх щІыкІу хэкІауэ плъэщІмэ.**

* * *

**♦ Кофе зэрагъавэ хьэкъущыкъум и кІуэцІыр кхъуэщыныфэ-фІыщІафэ ещІ. Ар кІэрегъэкІыж псым лимон бзыгъэ хэлъу къэбгъэкъуалъэмэ.**

* * *

**♦ КІэструлур, шейнычыр зыкъомрэ къэбгъэсэбэна нэужь, абыхьэм я кІуэцІым фІемфэ, фІыщІафэ къыщащтэ щыІэщ. Абыхьэм я кІуэцІым япэм яІэу щытых теплъэр къащтэж мыІэрысафэ, кхъужьыф куэду зыхэлъ псы кърибгъэкъуалъэмэ.**

**● Гу зылъытапхъэ**

# Къэбэрдей къэрал драмэ театрым фрегъэблагъэ

*Щоджэнщ ыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щІышылэ мазэм мыпхуэдэ спектаклхэр щекІуэкІынущ:*

Щышылэм и 20-м:
Куни Рей. «Цыхухъур, цыхубзыр, хьэдэ мыцІыхуР» *(ГушыІэ).*

Щышылэм и 23-м:
Кьанькъуэ Заринэ. «Нагъуэ и унагъуэр» *(Драмэ).*

Щышылэм и 29-м:
Эдуардо де Филиппо. «Цыхущ икІи джентльменщ» *(ГушыІэ).*

Спектаклхэр щекІуэкІкІэ ахэр урысыбзэкІэ зэрадзэкІ.

Театрым и художественнэ унафэщІыр Урысей Федерацэм щыхъ зиІэ и артист Щыбзыхъуэ Басирщ.

Щ ыщІидзэр сыхьэтыр 18-рщ.
УпщІэ зиІэхэр мы телефонхэмкІэ фыпсалъэ хьунущ: 42-64-94, 42-33-87

# Псальэзэблэдз

*ЕкІуэкІыу:* 5. **Іэщ кІуэцІфэнІым кьыхэщІыкІа пхъыныгъуэ.** 9. **… дагъэ.** 10. **ЦІыху гъащІэм и зы Іыхьэ, и зы лъэхъэнэ.** 12. **ЦІыхь ин лъэпкъ. Е цІыху хьарууфІэ, лъэщ.** 13. **Пхъэ сахуэ.** 15. **Хеймрэ мысэмрэ щызэхагъэкІ Іуэхущ Іапі Іэ.** 17. **«Пщэдейрей … нэхьрэ - нобэрей бзу» - псалъэжь.** 21. **Къэбэрдей-Балъкъэрым и зы район.** 22. **ЩІым, Іэуэльауэнщэ.** 23. **Адыгэ революционер щІэрыІуэ. Абы и цІэр Кэнжэ кьуажэм и уэрам нэхъыщхьэхэм ящыщ зым зэрехьэ.** 26. **НэгъуэщІым и гуащІэдэкІкІэ псэу цІыху.** 31. **Пхъэщхьэмыщхьэ.** 33. **Пщым и Іуэхугъэзбзащ Іэ.** 35. **Акъыл, гупсысэшхуэ зыхэль псальэуха, цІыхубзм кьадэгъуэгурыкІуэу.** 36. **Жыгым и зы Іыхьэ.** 37. **ЕуэкІыпІэ.** 39. **Пасэрей зэрыпыджэ Іэщэ.** 40. **Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.** 43. **Шорэгн Аскэрбий, Къагъырмэс Борис, Ацкьан Руслан сымэ кьыщалъхуа район.** 44. **ЩхьэпсынщІэ.** 45. **Кьыпэщ Іэхуэ псори зэзыльэфалІэ щІыху.**

*Къехьу:* 1. **НэгъуэщІхэм хамыбжа, зи закъуэ. Е лъныкъуэкІэ зрагъэІыпльэкІа.** 2. **Унэм кьыпэщыль щІы Іэпэщ Іыр.** 3. **ГуфІэгъуэ Іэнэм бгъэдэсхэм я Іуэхутхьэбзащ Іэ.** 4. **«Альандэрэ зыми и … кьызэкІакъым, зыми дагъуэ кьысхущІакъым» - Къэзанокъуэ Жэбагъы.** 6. **Къэбэрдей-Балъкъэрым пэгъунэгъу кьалэкурорт.** 7. **Хадзэкэ.** 8. **А мывэр дыщэм нэхъэрэ нэхъ лъапІэщ.** 11. **Мэлыхьуэ пщыІэм и нэхьыжь.** 14. **«… щытхъуи щІэр кьащтэ» - псальэжь.** 16. **Нэр темыжьыІэу еаэх псы.** 18. **Уафэм кьех мыл тыкъыр щІыкІу.** 19. **ХьэпІацІэ лэжьэрей щІыкІу.** 20. **Бдзэжьей лІэужьыгъуэ.** 24. **Анэкъильхуэ.** 25. **Уафэ лъащІэм щызедджадэ «бжьэхуц» гуартэ.** 27. **Чейм и «бгырыпх».** 28. **ХэгъуэкІ-хэфыкІыу щІэзыдза жыгым кьытекІэ Іэгъэбгэу.** 29. **Нарт лІыхъужь.** 30. **Хугу хьжьигъэм, тхъум, фошыгъуэм кьыхэщІыкІа адыгэ шхыныгъуэ.** 32. **Ерыскьыпхъэ.** 33. **Дзыгъуэшхуэм и бий кІэуфыкІ псэущхьэ.** 34. **Пасэрей гъущІ ныІэ.** 35. **«… зиІэм кІэи иІэщ» - псальэжь.** 38. **ХьэгъуэлІыгъуэ щрагъэкІуэкІкІэ фочыр зытраунащІэ, унэм щыщ Іыхьэ.** 39. **Ди республикэм щыІэ псыежэх.** 41. **Теунэ Хьэчим и повесть.** 42. **Мыхъумыщ Іагъэ зылэжьа, лей зезыхьа.**

*Зэхэзыльхьар*
МЫЗ Ахьмэдщ.



Дыгъэгъазэм и 27-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

*ЕкІуэкІыу:* 2. **Хьуэхъу.** 3. **Анэпльэ.** 6. **Илъэсыщ Іэ.** 7. **Шыпс.** 9. **Хьуаху.** 12. **Аркъэ.** 14. **Псей.** 16. **Гуэн.** 17. **Гимн.** 19. **Махуэ.** 21. **Гуэгуш.** 23. **Ущис.** 25. **Темыркъан.** 27. **ШэдджьхьэщІэ.** 30. **Пхъэпс.** 32. **Гуартэ.** 34. **Абазэ.** 35. **Арыкъ.** 37. **Къэхъун.** 38. **Сэхъу.** 39. **Чэзу.** 41. **Абыкъу.** 43. **Къэрэгъэш.** 44. **Ныш.**

*Къехьу:* 1. **ГуфІэгъуэ.** 4. **Шхэпс.** 5. **Пщыпхъу.** 8. **Псэ.** 10. **Алъп.** 11. **ЩІхьэж.** 13. **Къан.** 15. **Сом.** 18. **Мэш.** 20. **Асу.** 22. **Гурыхуэ.** 24. **Щыхьэр.** 26. **Кьес.** 28. **Джэгу.** 29. **Бланэ.** 31. **Псы.** 33. **Ажэ.** 36. **Къаз.** 37. **Къоб.** 40. **Ужьъ.** 41. **Ашэ.** 42. **Нэмыс.**

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**ЖьэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущІо Зариф, Жылаеэ Маритэ, Льоестэн Муэз, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПЭР

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещанэ нэ къатхэр.**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМ ЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэныкъ Іуэхуэхмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ Іапі Іэхэм я дэлэжьэныкмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пресмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм - 42-26-41; суРэттехым - 42-75-78.

Тедлэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм ирэу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Іуэху епльыкІэр зэпыту зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдаахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэльщ КъБР-м федральнэ пощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-89.

Газетыр щынымкІэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м

№П-0065-м щІэту ягъуаи.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КъБР-м ЩІэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ ЕнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфсомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

*Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэр:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ныбжьк Таисэ, корректорхэр Щоджэн Инэ *(1,2-нэ нап.)*, Табиш Динарэ *(3,4-нэ нап.)*, корректорхэм я зэпыкъуэгъу Нуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ:* ЩакІуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *суРэттыщІ* Бицу Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн къуэкІыжьыр щыІэ сыхьэт 20.00-м. Щыгрэдзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №87